Wason
PL 5177
S48
1921
v. 5-6

ASIA

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Wason
PL 5177
S48
1921
v. 5-6

CORNELL
UNIVERSITY
LIBRARY



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

5-6

ISINIPOEN SERAT POENIKA.

9, 10 en 11

			Katja
1.	Lampahan	Semar djantoer	1
2.	„	Djaladara rabi.	10
3.	„	alap-alapan Soertikanți.	21
4.	„	„ Banowati	30
5.	„	„ Droesilawați	38
6.	„	Fandawa doelit	44

PAKEM RINGGIT POERWA

DJILID V sarta VI

Tjap-tjapan ingkang kaping kalih

Mawi gambar 20 idji

Cornell University Library
PL 5177.S48 1921
v.5-6
Serat pakem ringgit poerwa.
3 1924 023 419 314

UITGAVE VAN DE COMMISSIE VOOR DE VOLKSLECTUUR

WEDALAN

BALÉ-POESTAKA

R. DUCRO. UITV.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from CORNELL UNIVERSITY

SERAT-SERAT BASA DJAWI

Serat-serat ingkang kaseboet ingandap poenika sok tijanga kénging toembas dateng kantor BALÉ POESTAKA *ing Weltevreden*. Jatra panoembasipoen kedah kakintoenaken roemijin mawi post-wissel. Déné serat-serat waoe badé kakintoenaken „dienst" dateng ingkang toembas. Rembours inggih kénging, nanging kedah bajar wragading pangintoen.

NAMANING PANGARANG.	NAMANING SERAT.	REGI.
M. Sasrasoetiksna.	I. Tig lan Tor.	*f* 0.40
Idem.	II. Soeripta.	
M. Ng. Wirapoestaka.	I. Dongèng mandoem iwak.	„ 0.95
Jitnasastra Hardjawiraga.	II. Dongèngé njai Padmasoesastra.	
M. Sastradiardja.	I. Kètèk lan koera.	„ 0.40
R. Tjitrawasita.	II. Tridyatmika.	
Masdan.	I. Dandoen.	„ 0.40
Idem.	II. Gelangadi.	
R. Roeslan Poerwaadiwinata.	I. Oemoekipoen Kahana kalihan Soemboel.	„ 0.60
	II. Moelja tjarita.	
M. Sastrapratama.	I. Dongèngipoen Soewidakloro.	
Dawoed.	II. Tri daja kawarna.	„ 0.75
M. Hardjasapoetra.	III. Dongèngé wong koena.	
Idem.	IV. Tjeraki.	
Aminkanapi.	V. Dongèng krété.	
R. Soemarja.	Pangoelir boedi.	„ 0.20
Wirjasaksana.	I. Pandjilaras.	„ 0.20
S. Darmaprawira.	II. Langendrija soengkawa.	
Sastrawijata.	Sawoer sari.	„ 0.29
M. Sindoepranata.	Dongèng koena.	„ 0.21
R. Sasrakoesoema.	Tijang remen main.	„ 0.06
M. Soetardja.	Djaka Djohanis.	„ 0.12
M. Samsirmihardja.	Waris lan Lalis.	„ 0.11
M. Wirjadihardja.	Pasrèn.	„ 0.05
M. K. Hardjasoewita.	Serat poerwa wahja.	„ 0.19
R. M. Mangkoedimedja.	Nembelas tjarijos.	„ 0.08
R. Poerwasoewignja.	Sarimoelja.	„ 0.23
M. Poedjaardja.	Asta tjarita.	„ 0.15
R. M. Mangkoedimedja.	Pétroek dados ratoe (3e.dr.).	„ 0.25
—	Pangresoelaning kéwan.	„ 0.35
M. Kartasiswaja.	Walidarma.	„ 0.11
R. Wirawangsa.	Tri djaka soewala.	„ 0.15
Sastratama.		

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Serie No. 59 d

Regi f 0.50

SERAT
PAKEM RINGGIT POERWA

DJILID V sarta VI

Tjap-tjapan ingkang kaping kalih

Mawi gambar 20 idji

WEDALAN
BALÉ POESTAKA

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR
WELTEVREDEN
1921.

REPRODUCTIVITY.

LIBRARY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

GAMBAR No. 1.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

1. Poenika lampahan Semar djantoer.

(Gambar No. 1). Adegipoen Ratoe ing Mandaraka, Maharadja Salja, kalih ingkang poetra, Radèn Roekmarata lan Patih Toewajata, ingkang ginoenem saitjalé ingkang poetra Dèwi Érawati, ndangoe mring kang poetra Radèn Roekmarata; ingkang dinangoe prakawis ingkang lampah-lampah mantri boepati ingkang ngoepados saitjalé Dèwi Érawati; kondjoek jèn boten wonten ingkang angsal damel. Ingkang poetra Praboe Ngastina sagah-sagah kémawon, noenten ingkang poetra Radèn Roekmarata ingoetoes ḍateng ing Ngamarta animbali ingkang poetra ing Madoekara. kinèn mbekta ing salampah-lampahira; noelja mangkat, noenten kaḍatonan; Dèwi Setyawati lan Dèwi Soertikanṭi, Banowati; saoendoeré ingkang raka awewarti: jèn baḍé animbali ingkang poetra ing Madoekara. Soertikanṭi, Banowati sami mijarsa.

Sinigeg pasowan djawi, Radèn Arja Boerisrawa, amanggihi sawedalé ingkang raji sarta atakèn warta. Roekmarata matoer, jèn kaoetoes ḍateng Ngamarta, animbali ingkang raji Madoekara; ladjeng mangkat, Toewajata toemoet.

Sinigeg; genti kotjapa Praboe Koeroepati, ingkang masanggrahan wonten ing pasisir sa Koerawa sadaja, katrendjoeh lampahing pandoeng ingkang mbekta Dèwi Érawati; saṛeng kaboetoehaken baḍé katjepeng, poen pandoeng nggebjoer ḍateng saganteñ, ladjeng itjal ingkang pandoeng dipoenantos sapoenika boten katingal, ladjeng apoetoesan Koerawa satoenggil, Radèn Sroetajoe, kinèn ngoendjoeki oeninga mring Mandaraka, sarta sampoen winekas; mangkat Radèn Sroetajoe.

Sinigeg; genti kotjapa, adegipoen ing Madoekara, Radèn Djanaka, ketamoean ingkang raka Radèn Roekmarata, sasampoenira binagèkaken, Roekmarata ḍawoeh jèn ingkang raji ngandikan ḍateng ingkang oewa. Djanaka matoer sandika, noelja boḍol, Semar Nalagarèng Pétroek, samja toemoet.

Noenten adegipoen Salja malih, amanggihi oetoesan saking Ngastina Radèn Sroetajoe, matoer sapitoengkasé ingkang raka. Praboe Salja ladjeng djoemoeroeng kersaṁé ingkang poetra; Sroetajoe ladjeng pamit. Saoengkoeré Sroetajoe, ḍatengé Roekmarata,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

ngoendjoeki oeninga, jèn poetra sampéjan poen aḍi sowan, ladjeng tinimbalan ḍoemateng ngarsané ingkang oewa, kaparingan prembagé, noelja kaparingan sajembara, saitjalé ingkang raka Dèwi Érawati, jèn saged manggihaken ladjeng kaḍaoepaken. Radèn Djanaka moendjoek lenggana; soeka dipoenoetoesa kémawon, jèn anglampahi sajembara sanget panoewoenipoen, angatoeraken pedjah gesang. Praboe Salja lega galihé, ingkang poetra ladjeng binekta loemebet ing kaḍaton, panggih lan ingkang oewa Dèwi Setyawati; Dèwi Soertikanṭi kinèn mbagèkaken mring Radèn Djanaka, noenten Dèwi Banowati kinèn mbagèkaké marang ingkang raji Radèn Djanaka. Sareng sampoen kabagèkaken, Radèn Djanaka pamitan ḍateng ingkang oewa.

Mradja Salja ngandika mring kang poetra kekalih, Soertikanṭi lan Banowati sami kinèn njangoni, sami noesoel poetri kekalih. Soertikanṭi njangoni roemijin boten katampèn, moendoer nangis; Banowati njangoni ladjeng goelet, noenten semajan, ladjeng boebar; mangkat Radèn Djanaka sapānakawané.

Sinigeg genti kotjapa adegipoen Praboe Koeroepati moengging ing pasisir; saḍatengé Radèn Sroetajoe, moendjoek, jèn ingkang rama Mandaraka sampoen pareng, sok ḍasar kepanggiha Dèwi Érawati. Praboe Koeroepati ladjeng ḍeḍawoeh, saganten kinèn ngebjoeki djenoe, gamping, djeliroe, kajoe oerip; saganten datan kodal, ladjeng kinèn ngedrèl ingoeroegan mimis sarta djemparing.

(G a m b a r No. 2). Sinigeg genti kotjapa ingkang wonten telenging gandjoetalaja, Ratoe danawa ingkang kagjat, dangoe gègèring danawa, moendjoek pepatihira, jèn keḍawahan mimis saking ḍaratan sarta djemparing; animbali poenggawa tetiga kinèn mariksa sangkaning mimis. Tjaraka tetiga samja mesat angambang ḍateng pasisir.

Sinigeg genti kotjapa lampahé Radèn Djanaka ingkang sampoen doemoegi ing pasisir, let tigang ondjotan lan baris Koerawa; tan antara dangoe doeta tetiga saged karja marga. Danawa ingkang masisir anggènira mentas katrendjoeh Radèn Djanaka, danawa tetanja mring Radèn Djanaka. Ingkang tinanja ngaken jèn bebalang saking Mandaraka. Danawa sampoen ngraos jèn mengsah, Djanaka tjinepeng lepat, ladjeng prang ramé, danawa kawon pedjah sadaja. Sasampoenira perang, Semar kinèn priman. késah Semar lan ki loerah Kanṭongbolong, Nalagarèng kantoen; késahé Semar ladjeng nenawoe angsal oelam boeloes, weloet lan lintah, kinèn mbekta lan ki Pétroek, loerah Semar mbarang djantoer, Pétroek sampoen wineling:

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google



GAMBAR No. 2.

Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY



GAMBAR NO. 3.

Original from CORNELL UNIVERSITY
Digitized by Google
Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

„Jèn akoe ndjaloek djanoer, weloet tjepakna, jèn godong waroe, boeloes tjepakna, jèn gedang kloetoek, lintah tjepakna."
Ladjeng mangkat.

Sinigeg genti kotjapa padoekoehan ing Nogasonja, akekasih Bambang Wasi Djaladara, lenggah kalih ingkang raji, Dèwi Éndang Panalika, ingkang tjinatoer wasi Djaladara, ingkang raji kinèn ngadêgaken dana, awèh pangan wong keloewèn, awèh banjoe wong kasatan, jèn ana wong mampir agé-agé ingonana, jèn ana wong derep adjana kobawoni, nggawaa sakelaré. Sasampoenira mekas Djaladara moemboel mring méga malang; boten antara dangoe datengé ki loerah Semar mbebarang djantoer, ladjeng tinanggap mring Éndang Panalika, sarta ditakèni opahé. Atoering Semar boten saged mastani, sakoewasaning kang peparing, ladjeng kinèn lekas ndjantoer; Semar neda djanoer koening, sareng djinantoer boten dados; toetoeré Pétroek: „Weloeté pinangan boeloes!"
(Gambar No. 3). Semar neda godong waroe ladjeng sinoekanan noelja wiwit ndjantoer, godong waroe boten dados, toetoeré Pétroek: „Boeloesé mbabah, bebetkoe bedah, bolong saboeloes, boeloesé woes takgetjek-getjek."
Semar neda gedang kloetoek, sinoekanan mring para njai, sarta koetoegé boten pedjah-pedjah, ladjeng wiwit ndjantoer, gedang kloetoek dados lintah, ingoentjalaken ingarsané Éndang Panalika, lintah kadoet gengira sadjanggel, Éndang Panalika kamigilan, loemadjeng sapara njainé; Semar toemoet mladjeng sarta girogiro, ki loerah Pétroek ngroentoch wetengé metoe getihé; Éndang Panalika lenggah saparanjainé; loerah Semar tinimbalan lan ki Kantongbolong, Éndang Panalika peparing jatra kalih semat; Semar boten adjeng, jatra kawangsoelaken, njoewoen sekoel kémawon saoelamé, ladjeng winedalan sekoel ing soemboel sarampadané; Semar boten adjeng mbekta, Semar neda oepih, ladjeng sinoekanan kadamel tékor, tékor sinoekakaken para njai, sekoel kinèn noemplaki ing tékor, para njai anoeroeti kémawon satjalatoening Semar, sekoel oelam dipoendadosaken satoenggil: sambel, lalaban, djambé, soeroch, gambir, tembako, winor dados satoenggil; Semar pamit, tékor ladjeng binekta.
Kotjapa Radèn Djanaka lan ki loerah Nalagarèng, sadatengé ki loerah Semar angatoeraken angsal-angsal anggènipoen mbarang djedjantoer, sekoel sinaosaken moenggèng tékor.
Ardjoena tetanja mring Semar: „Iki sapa sing madahi sega iwak iki, dimor dadi sidji baé kijé?"
Loerah Semar matoer; „Inggih ingkang njoekani ngrika, waoené sekoel dipoenwadahi soemboel oelam rampadan, adjangipoen pandjang saé, toewoengipoen wadah djangan toewoeng poetra, sareng adjeng koela bekta boten soeka, ladjeng dipoensoki ing tékor."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Ardjoena soemoeng-soemoeng djadjané, ngandika mring Semar: „Mara toedoehna, kakang, kang wèwèh koewé, roepané kaja apa, ambakné wong wèwèh lila tan lila, wong wèwèh patoet dilangga getihé."

Ardjoena ladjeng narik ḍoewoeng moeroegi mring Nogasonja.

Kotjapa Éndang Panalika lan para njai ingkang ginoegoe-goegoe sektiné kang mbarang djantoer: „Geḍang kloeṭoek teka bisa dadi lintah, balia mréné manèh taktanggapé.

Tan antara dangoe ningali wonten tijang ngagar-agar ḍoewoeng, Éndang Panalika adjrih mladjeng saparanjainé malebet grija wingking, Wasi Djaladara sampoen pinanggih wonten grija; Éndang Panalika ngrangkoel aneḍa toeloeng: jèn ana wong ngamoek.

Wasi Djaladara modjar: „Ja wis, adja kotoetoeri wis weroeh wiwitané, teka wong mbarang djantoer wiwitané koewé, mengko taktemonané."

Wasi Djaladara medal rémané dènoré pinara tiga, sarta weḍak mementahan; doegi ngarsané Radèn Djanaka, wasi Djaladara malangkaḍak sarta ngatag mring Djanaka: „Mara ditoetoegna si aḍi olèhé mbarang amoek, mbaranga lijané kéné mangsa pajoea, kéné kijé ḍasar tanggapan, jèn ana wong mbarang amoek, ora-orané dakwales, mentas nggegoeroe anjar lajaké si aḍi koewé, arep ndjeliraken ing kadikdajané, arep anjatakaké ing kategoehané."

Djanaka gegetoen, ḍoewoeng ladjeng sinaroengaké, ngraos jèn katjiwa siti, Djanaka ladjeng nemboeng nalangsa neḍa pangaksama mring Wasi Djaladara.

Wasi Djaladara ladjeng goemoedjeng latah-latah, Wasi Djaladara modjar: „Lah, ija, wong betjik nemoea betjik, wong ala nemoe ala, maoe ana apa, mengko ana apa, si aḍi ngendi pinangkané, lan sapa wewanginé?"

Ardjoena modjar: „Koela tijang saking Mandaraka, wondéné namakoela poen Djanaka."

Djaladara tanja malih: „Kaleboe prijaji apa ana ing Mandaraka?"

Saoeré Ardjoena: „Koela dèrèng nama prijaji taksih panakawan."

„Arep menjang endi?"

Ardjoena soemaoer malih: „Koela poenika dipoenoetoes ḍateng Kangdjeng Sinoehoen ing Mandaraka, dikakaken ngoepadosi poetri itjal kabekta pandoeng, koela ingkang dikakaken ngoepadosi."

Djaladara modjar malih: „Si aḍi weroeh panggonané maling koewé?"

Atoeré Djanaka: „Boten oeninga."

Djaladara modjar malih: „Si aḍi jèn gelema pasanakan karo Djaladara, kaja-kaja bisa anoedoehaké panggonaning maling; ingkang nggawa poetri koewé, doedoe wong ala-ala, kang nggawa poetri koewé: Ratoe, Ratoening boeta, akèh balané leksan, joetan."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Ardjoena ladjeng modjar ḍateng wasi Djaladara: „Jèn kados makaten, sampéjan kénginga koelaatoeraken ḍateng Sinoehoen ing Mandaraka."

Wasi Djaladara kagèt: „Ikoe diatoeraké keprijé, aḍi?"

„Mila sampéjan koela saosaken, makaten nalaripoen: jèn poetri poenika kadamel sajembara, sinten-sinten ingkang saged manggihaken poetri poenika, dados djatoekramanipoen."

Wasi Djaladara modjar: „Si aḍi apa temen; menèkné angloropaké?"

Modjar Radèn Djanaka: „Ila-ila poenapa ingkang koelapanggih, jèn koela angloropena ing sampéjan."

Wasi Djaladara lega galihé, ladjeng loemebet ing dalem, tetarosan ingkang raji. Ènḍang Panalika anggènḍoli ingkang raka. Wasi Djaladara tan kénging, ladjeng medal panggih lan Djanaka, ladjeng mangkat.

Sinigeg genti kotjapa kaḍaton Tirtakanḍasan, Dèwi Érawati ingkang pinanggihaken soetaning danawa Praboe, dèrèng saged tjarem, tansah dèn arih-arih; Dèwi Érawati kakoe galihé, kang raka ladjeng diloropaké, oedjaré Érawati: „Gelem akoe mawongan, nanging akoe ndjaloek sanakkoe tekakna kéné, loepoeté si Soertikanṭi, si Banowati, soekoer teka karo pisan, akoe iki ólèhkoe ana kéné wong lola, jèn soeker sakit anaa sing takdeleng-deleng."

Radèn Mandradjid ladjeng sagah: „Bijèn-bijèn ndjaloeka kaja mangkono, mangsaha ngangsi banjoe sinaring."

Radèn Mandradjid ladjeng moemboel ingawijat, ladjeng nḍoeṣta mring nagari ing Mandaraka.

Noenten ngadeg Ratoe ing Mandaraka, ḍatengé Wasi Djaladara lan Radèn Djanaka; Praboe Salja angandika, ndangoe mring Djanaka.

Djanaka moendjoek jèn boten angsal damel: „Nanging koela njaosaken saḍèrèkankoela, poenika sagah."

Praboe Salja ngandika: „Wong teka ngendi?"

Djanaka matoer: „Aloehoeng sampéjan dangoe pijambak."

Noelja dinangoe Wasi Djaladara.

„Tijang saking Nogasonja, namakoela Wasi Djaladara."

Praboe Salja ngandika malih: „Kowé kang bisa nemokaké menjang anakkoe, ja mara golèkana, jèn kowé ingkang nemokaké, takgandjar sarta taktrimani."

Wasi Djaladara ladjeng sagah: „Nanging koela semados, béndjing-éndjing kémawon koela mangkat; pramila koela njoewoen semados, mangké daloe baḍé wonten tjobaning Djawata, salebe-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

ting kadaton mangké daloe badé wonten pandoeng awon ingkang koelaoepados, déné ingkang wingking badé dipoenwangsoeli."

Praboe Mandaraka kagjat ladjeng ngandika goepoeh: „Wis, jèn kaja mangkono, sadjroning kadaton taksrahaké menjang kowé, sawengi mengko."

Wasi Djaladara matoer: „Inggih sandika, nanging wonten ingkang koelasoewoen: abdidalem ingkang kemit, koelasoewoen soewakipoen, bawanipoen, koela tijang anjaran boten mirsa ing tjatjahipoen, manawi momorsamboe, ngadjeng namoeng satoenggil kémawon."

Djaladara loemebet kalihan Djanaka, ladjeng Djanaka pinernak wonten ing régol mring Djaladara: „Mengko jèn ana swara pating barekoeh, dikebat olèhmoe tetoeloeng."

Ladjeng tinilar, Djanaka kantoen wonten ing régol, ladjeng saré. Wedalé Banowati medal ing anda, sadatengé ladjeng nggoegah mring Djanaka, Djanaka ladjeng tjampoeh.

Sinigeg salebeting pandoeng ndjoedjoeg kapoetrèn, ndjedjer sarta matak sesirep, noenten sadatengé Wasi Djaladara ndjoedjoeg wingkinging pandoeng, wasi Djaladara ladjeng anjapa mring pandoeng. Ki pandoeng loemadjeng ladjeng binoedjoeng, kang pandoeng kesoepit ladjeng anarik doewoeng; Djaladara sinoedoek mring pandoeng datan pasah, pandoeng tinoebroek maloempat, taksih binoedjoeng, swara pating barekoeh.

Kotjapa Radèn Djanaka mireng swara ting barekoeh, adjeng tetoeloeng mring kang raka, ginèndolan mring Banowati, Banowati ladjeng dipoen antoekaken, djinoendjoeng inginggahaken banon, ladjeng katampèn ing anda; Djanaka ladjeng tetoeloeng mring kang raka, noenten kepetoek ing pandoeng, Djanaka sinoedoek ing pandoeng, mèh kontal datan pasah, Djanaka kagjat ladjeng mboedjoeng, pandoeng loemadjeng kapegatan mring Djaladara, pandoeng kasompok ladjeng miber ontjat mantoek; Djanaka ladjeng tinoebroek mring Djaladara dènnjana pandoeng, sareng mirsa soewarané kang raji ladjeng oewal. Djaladara maras jèn katoera mring Praboe Mandaraka itjaling pandoeng, angraos, jèn dados lelintoe, Djanaka kinèn kantoen, ananggoenga mring Wasi Djaladara, Wasi Djaladara sagah angesoeka mring wismaning pandoeng, Djanaka ladjeng katilar nèng lebeting kapoetrèn: Djanaka osik salebeting wardaja, jèn ingkang raka badé kontit, Djanaka ladjeng noesoel mring kang raka Wasi Djaladara, katjandak wonten margi; Djanaka tinanja mring Djaladara: „Ja géné teka noesoel?"

Djanaka matoer: „Mila koela noesoel, koela boten tèga, lampah-sampéjan kapijambaken, pedjah-gesanga koela kedah toemoet kalih sampéjan."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

GAMBAR No. 4.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Djanaka ladjeng rinangkoel mring Wasi Djaladara, Djaladara angling mring Djanaka: „Satemené taktjoba baé si adi, olèhkoe ninggal koewé; wis ta, jèn kaja mengkono, ajo padja boeboeh-boeboehan, si adi takboeboehi lelemboetané, jèn ana agalé kate-moea poen kakang."

Sigra ladjeng.

Sinigeg genti kotjapa Ratoe boeta, ingkang angadeg sadasaring sagara, kagjat sadatengé ingkang poetra; tinanja mring kang rama, ingkang poetra oematoer, jèn mentas memandoeng dateng nagari ing Mandaraka, mandoengi Dèwi Soertikanti lan Banowati, boten kénging: „Selak koela konangan, sampoena koela ontjat, bilai, kénging koela dipoentjepeng."

Kang rama angandika: „Ikoe ingkang akon sapa, déné kowé ora toetoer menjang akoe?"

Matoer ingkang poetra, Radèn Mandradjid: „Ingkang akèn poetra sampéjan poen Érawati ingkang bebana, wonten ingriki angraos lola."

Ingkang rama sareng mirsa atoeré ingkang poetra: doeka, ngraos jèn ingkang poetra dipoenloropaké, ladjeng ingkang poetra dipoenadjani, Dèwi Érawati dikakaken njenggara-sima: „Gelem ja pōndongen, ora gelem ja pondongen, mati ja wis; mangsi koeranga poetri."

Ladjeng boebaran, Radèn Mandradjid ladjeng loemebet.

Sinigeg ingkang wonten kapoetrèn, Dèwi Érawati rinten-daloe anangais, asesambat rama iboe sarta ingkang raji Radèn Boerisrawa lan Radèn Roekmarata, sadangoening sesambat, sadatengé Radèn Djanaka lan Djaladara. Djaladara awas anggènira ningali, Djaladara angoenandika: „Ora larang poetri kijé tinoekoe saka pati!"

Djaladara ladjeng medal, Djanaka kantoen pijambak; noelja rinangkoel mring kang raka tinangisan, sireping tangis, ingkang raka dinèkèk ing sesoepé, Djanaka ladjeng medal.

(Gambar No. 4). Kotjap wasi Djaladara ingkang malangkadak satengahing pintoe, sadatengé Radèn Mandradjid kagjat aningali wonten tijang malangkadak, tinakonan mring Mandradjid, Djaladara blaka: „Jèn akoe kongkonan saka ing Mandaraka, ingkang njekel menjang kowé ana ing kapoetrèn dèk kowé loemajoe"

Mandradjid ladjeng narik tjoeriga, Djaladara sinoedoek tan pasah, Mandradjid tinampiling remoek ponang sirah: pedjah, binalangaken mring djawi, tiba ngadjengé ingkang rama Sareng mirsa ingkang poetra pedjah, njana jèn kalebetan pangéndra-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

djala, ingkang rama gadgotèng anggro tan ngantos amepak bala, sigra loemebet panggih lan Djaladara, ladjeng dènemplok ing sirahé. Djaladara étja anggènira malangkadak, noelja kaétang nenggalanira, pinoosti anggènira mangsah, Praboe jeksa katjoendoek ing nenggala pedjah. Ladjeng mantoek kalih ingkang raji, Dèwi Érawati kinèn ngiringaken mring kang raji. Radèn Djanaka boten poeroen: „Jèn koela ingkang ndèrèkna, kakang mas lampahé tipis".

Djaladara ngétjani prajané ingkang raji, Érawati dèn iring mring Djaladara, let saroeboehing landèjan, Djanaka wonten wingkingé kapara tebih.

Sinigeg genti kotjapa Praboe Djajapitana, ingkang wonten ing marga sa Koerawanira sadaja, mirsa jèn wonten tijang loemampah sarimbit ladjeng kinepang, Djajapitana kang nakèni. Djaladara ngaken, jèn oetoesan saking Mandaraka angoepados poetri. Djajapitana adamel gelar, ngaken panekar ing Mandaraka: „Koela mirsa ing nama dèrèng mirsa ing warni."

Ladjeng poetri ingatoeran roemijin mring Praboe Djajapitana, sarta modjar malih: „Koeladèrèkné pijambak, si adi sami djaler."

Sawoesnja pisah lan Érawati, Djaladara ladjeng tinoebroek mring Koerawa katah, tan nganti binanda, dèn dabjang mring ngadjengan. Koeroepati sigra narik keris, Djaladara sinoedoek djadjanipoen pedjah, ladjeng tinilar. Sapengkering Koerawa dateng Radèn Djanaka nangisi ingkang raka. Djaladara ragi émoet, Ardjoena matoer atakèn poerwa. Djaladara angling: „Jèn akoe dipréwang pangakoené soematali Mandaraka, bandjoer takandel baé, bandjoer poetri didisikaké, noeli ing boeri akoe ditoebroek menjang kantjané, loerahé sing nglarihi menjang akoe."

Djanaka kagjat mijarsa, soematali adjeng dipoentoetoeti mring Radèn Djanaka.

Djaladara menggak: „Adja noetoeti, moendak béla poepoe, akèh batoeré; wis pinesti kéné kang dadi djalaran angoentapaké menjang akoe, wis pinesti saméné lelakonkoe, kowé takkongkon mlajoea njang Nogasonja; adikoe toetoerana sarta djaken mréné, warahen jèn akoe kaja mangkéné, karo wekas-wekasané katemoe."

Djanaka sigra méntar, Djaladara ladjeng moemboel.

Kotjap kang wonten Nogasonja wasi Djaladara lan Dèwi Érawati, Djaladara ladjeng siram anèng pantjoeran aneles réma, ladjeng lenggah, kinèn ngonjohi mring Éndang Panalika, sasampoenira kaseratan, Éndang Panalika tinoetoeran mring kang raka: „Olèhkoe nggolèki poetri ing Mandaraka woes ketemoe, iki roepané."

Éndang Panalika goepoeh, Dèwi Erawati ladjeng sinanding sarta binagèkaken; sasampoenira mbagèkaken ladjeng tanja mring kang raka: „Kantimoe sing ngamoek bijèn ana ngendi?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Djaladara modjar: „Taktinggal ana ing boeri, mèh teka kéné kaé, moelané akoe ḍingin, akoe selak kangen menjang kowé, bari awakkoe selak oejang temen, moelané akoe teka bandjoer adoes."

Dèrèng dangoe saḍatengé ingkang raji Radèn Djanaka, nanging kèndel wonten ing latar kémawon, mila boten loemebet grija, jèn dipoenpaiben; wonten kalih pamoetjang anggènipoen ngadeg wonten ing latar, djinorog-djorogaken mring ki loerah Semar, sarta kaṭah-kaṭah atoeré.

Modjar Radèn Djanaka: „Ija akoe menèk digoegoe, menèk akoe dipaido, olèhkoe ndokok raikoe ngendi."

Kakrasana mirsa wewadiné ingkang raji, Radèn Djanaka katjeṭa jèn soemelang, Djaladara watoek-watoek, kapriksa mring Radèn Djanaka, boten samar jèn soewarané ingkang raka, ladjeng dèn-intip mring Djanaka, sareng pratéla jèn ingkang raka, noelja loemebet goepoeh anoengkemi padané ingkang raka, sarta anangis lir ṗéndah pawèstri.

Djaladara sigra angandika: „Wis menenga aḍi, sing ora-ora, wong ora ana apa-apa, sing mati kana maoe doedoe akoe, soem-pingkoe ika maoe, takboewang karo pisan, sing tengen dadi akoe, sing kiwa dadi poetri Mandaraka, wis soewé olèhkoe teka kéné, ngangsi adoes, ngangsi beborèh, toeroea wis olèh saimpèn."

Djanaka ḷadjeng kemboel ḍahar, Dèwi Érawati sinaosan ḍa-har mring Éndang Panalika; sasampoenira ḍahar, Radèn Djanaka ladjeng kaoetoes mring Wasi Djaladara, angatoeraken Dèwi Érawati: „Si aḍi takgawé awakkoe, jèn ana pandangoené, ja moendjoeka blaka, jèn akoe kang nemokaké, déné mengko jèn wis katoer, apa pangandikané ja taḍahana, toetoera menjang akoe, nanging adja ndjoedjoeg kéné, kéné soewoeng, akoe moelih menjang nagarakoe Mandoera, ja akoe poetra Mandoera ingkang djeneng Kakrasana."

Djanaka sigra anggènira njoengkemi, kalih mirsa jèn poetrané ingkang oewa Praboe Basoedéwa, Djanaka nembah méntar, angi-ringaken ingkang raka Dèwi Érawati mantoek mring Mandaraka. Kakrasana mantoek mring pradja Mandoera sarta ingkang raji Dèwi Bratadjaja.

Ladjeng atantjep kajon.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

2. Poenika lampahan Djaladara rabi.

Adegipoen Ratoe Mandaraka kalihan Roekmarata, Patih Toewajata. Praboe Salja ndangoe mring kang poetra lampahé dipoenoetoes angoelem-oelemi mring Ngastina. Roekmarata matoer mring kang rama, jèn Praboe Ngastina badé dateng, béndjing raméning damel datengipoen. Sadangoening potjapan kesaroe gègèring djawi rawoehé Praboe Ngastina, Roekmarata kinèn ngatoeri loemebet noenten moenja gending ladrang, salebetira: mbekta Radèn Sengkoeni. Sasampoenira binagèkaken, Praboe ing Ngastina ladjeng pinasrahan damel mring kang rama Praboe Mandaraka.

Koeroepati modjar matoer mring kang rama Praboe Mandaraka: „Sinten ingkang sampéjanoelemi sadaja?"

Praboe Mandaraka ngandika: „Moeng kang raji Ngamarta, ingkang koelaoelemi, nanging sampoen wonten pasanggrahan, kala wingènipoen anggènipoen dateng."

Praboe Ngastina matoer mring kang rama: „Jèn damel kapasrahaken dateng koela, koelapoendoeti Praboe anom ing Mandoera, béndjing jèn ngarak nganggéa patah wanodya kang saé-saé, goenggoengipoen satoes kawan dasa, béndjing jèn ngarak sadjabaning nagara kémawon, koelalilani dipoeniring tijang djaler, jèn doemoegi salebeting rangkah, tijang èstri kémawon ingkang ngiring, jèn mawi tijang djaler, koelawangsoelaken pangantèné."

Roekmarata kang tinoedoeh mring Mandoera, ndawahaken pepoendoetan; ladjeng boedal; Djajapitana masanggrahan.

Kotjap kadatonan Dèwi Setjawati, Érawati, Soertikanti lan Banowati; saoendoeré Praboe Salija ngandika mring kang garwa, kinèn sesaos dedaharan, kang poetra Praboe ing Ngastina ingatoeran kemboel dahar sarta ingkang poetra ing Ngamarta, Radèn Brataséna, Pintèn, Tangsèn.

Sinigeg pasèban djawi Radèn Roekmarata lan Boerisrawa, Boerisrawa winartanan mring kang raji: „Jèn damel poenika kapasrahaken dateng kakang Praboe ing Ngastina, kangdjeng rama sampoen boten toemoet-toemoet, koela ladjeng dipoenoetoes dateng nagari ing Mandoera, kakang Praboe ing Ngastina moendoet patah, goenggoengipoen satoes kawan-dasa, tijang èstri ingkang éndah-éndah."

Roekmarata ladjeng, Patih Toewajata oemiring.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY




GAMBAR No. 5.

Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY
Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY



GAMBAR No. 6.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Sinigeg genti kotjapa, angadeg ing Tirtakandasan. Jaksèndra Koeranda-Geni, gadah poetra satoenggil djaler, Radèn Prakangsa, moendjoek mring kang rama ngatoeraken soepenané, kepanggih poetri ing Mandaraka Dèwi Érawati, bebana mring kang rama, jèn boten kapanggiha lan Dèwi Érawati, soeka dadosa kaki-kaki. Ingkang rama ladjeng oetoesan danawa repatan, sarta pinaringan serat iber-iber, kinèn ngatoerna mring Ratoe Mandaraka; kang kinon nembah mesat, bodol samantrinira.

Sinigeg genti kotjapa adegipoen Praboe Kakrasana, patih Prabawa, Pragota; Kakrasana pinarak nèng pandapa, manggihi Radèn Roekmarata, sasampoennja binagèkaken dinangoe ing lampahira.

Roekmarata matoer, ndawoehaken timbalané ingkang rama: „Béndjing pangaraksampéjan, amawia patah wanodya ingkang éndah-éndah, goenggoeng satoes kawan dasa, sampoen mawi kirang, sampoen langkoeng."

Kakrasana mangsoeli sandika, Roekmarata pamit moendoer. Kakrasana nimbali ingkang raji Radèn Narajana, lan Pragota, Prabawa, Narajana dinawoehan kinèn ngoepajaa patah sidji, ingkang prajoga dadia tetindih, Pragota Prabawa dinawoehan pinoendoetan njatoenggil, dadia tetindih palara-lara sadjroning kadaton. Narajana ladjeng méntar mbekta Radèn Oedawa; Pragota, Prabawa nembah moendoer, areboet paran lan Prabawa, Narajana ladjeng minggah mring woekir Gandamadana, panggih lan Kapi Djembawan.

(Gambar No. 5). Sinigeg genti kotjapa gara-gara, ngadeg Semar, Nalagarèng, Pétroek, ngiring Radèn Djanaka wonten ing wana, badé sowan dateng Sétragandamaji, wonten margi binégal ing danawa, tjaraka saking Tirtakandasan, ladjeng aprang sekar, danawa kawon pedjah. Ladjeng ngadeg Batari Doerga, Djanaka lepat ing goda, sampoen kawong nèng Sétragandamaji, Djanaka katingal ladjeng tinimbalan, Djanaka dinangoe lampahira.

Djanaka matoer: „Mangsa boronga padya Batari, mangsa botena sampoen kaoeningan saosikkoela."

Batari Doerga modjar: „Ja wis weroeh, akoe, karepmoe."

(Gambar No. 6). Djanaka ladjeng kadamel èstri awasta bok Rantansari, Semar, Nalagarèng Pétroek, sami kekembenan, Semar ngalih njai Melik, Nalagarèng njai Péto, Pétroek njai Djagaplok.

Premoni modjar mring Djanaka: „Jèn samengko kakanganmoe si Kakrasana olèhé rabi didjaloeki patah, jèn ora nganggo patah olèhé rabi woeroeng."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Djanaka ladjeng pamit sapanakawanira, wonten margi kepetoek Pragota, bok Rantansari tinaros dados patah poeroen, ladjeng binekta.

(Gambar No. 7). Sinigeg genti kotjapa ngadeg ardi Gandamadana Bagawan Kapi Djembawan, kalih Radèn Narajana, sareng sampoen binagèkaken, Narajana nemboeng anjamboet poetrané poen Djembawati, kadamel lebetan patah: „Béndjing jèn kakang Praboe sampoen kepanggih, koelaantoekaken poen Djembawati."

Bagawan Kapi Djembawan lega, kang poetra ladjeng binektakaken; Narajana pamit mring Kapi Djembawan.

Sinigeg genti kotjapa malih, ngadeg Tirtakandasan Danawa radja, Togog sampoen dateng ngoendjoeki oeninga, danawa pedjah wonten margi, prang kalih Radèn Djanaka, seratnja kondjoek malih, Danawa radja loemampah pijambak medal ing gegana.

Sinigeg adegipoen Ratoe Mandaraka pepakan sadaja, Ratoe ing Ngastina, Ratoe Ngamarta, Brataséna, Pintèn, Tangsèn; Roekmarata sampoen dateng moendjoek mring kang rama, lampahipoen anggèné ndawoehaken pepatah satoes kawan dasa, sampoen kasagahan.

Praboe Salija ngandika mring kang poetra Radèn Roekmarata, kang poetra kinèn nengga kapoetrèn: „Adja metoe-metoe jèn ora taktimbali."

Roekmarata méntar malebet ing kapoetrèn, Praboe Salja taksih pinarak, bodjana lan poetra Praboe kekalih.

Sinigeg kang wonten salebeting kadaton Dèwi Setyawati, Érawati, Soertikanti, Banowati, sakondoeré ingkang rama, Praboe Salja, ndangoe mring kang poetra Dèwi Érawati; kang poetra madjeng ladjeng dinèkèkaké ing sesoepé; sadatengé Radèn Roekmarata, dinangoe mring kang rama: „Kowé apa ana gawémoe?"

Kang poetra matoer: „Anggènkoela loemebet ingriki, inggih anglampahi pangandikasampéjan."


Salija ngandika: „Kowé takkon apa?"

Roekmarata matoer: „Koela sampéjan dikakaken tengga kapoetrèn: adja metoe-metoe jèn ora taktimbali; makaten pangandikasampéjan."

Praboe Salija ngèstoeti: „Ja akoe kang lali, wong toewa mono anané lalèn, bari kakéhan olèhkoe ngombé anggoer, awakkoe

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google



Gambar No. 7.

Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

abot temen," taktoerokné saḍéla, kowé metoea ingḍjaba, temonana kakanganmoe Ngastina, aḍimoe Ngamarta, toetoera jèn kowé dadi wakilkoe."

Roekmarata ladjeng medal; kotjapa ing panḍapa, Praboe ing Mandaraka, Praboe Ngastina, Praboe Ngamarta, Brataséna, Pintèn Tangsèn, daweg étja anggènira ḍeḍaharan, kasaroe wedalé Radèn Roekmarata sinapa mring kang rama; Roekmarata dangoe boten moendjoek.

Praboe Salja ngandika: „Ja géné kowé teka ḍeleg-ḍeleg?"

Roekmarata matoer: „Koela poenika saking kliwenging manah-koela, ngladosi karsané kangḍjeng rama; koela waoe dikakaken tengga kapoetrèn, sareng koela ḍateng kapoetrèn sampéjan kondoer, koela sampéjan dikakaken medal kadamel wakil, sampéjan gerah poejeng."

Kagèt ingkang rama, ladjeng angandika: „Akoe ora roemasa loenga teka kéné; soewawi anak Praboe ing Ngastina, koela waoe poenapa késah saking ngriki?"

Praboe Ngastina matoer: „Satingalkoela boten."

Praboe Mandaraka angandika mring kang poetra Praboe Koeroepati: „Kalebetan pangéndradjala, anak Praboe, poen bapa mapan sampoen pasrah amis batjinipoen kaḍaton, sampoen boten mariksani."

Praboe Koeroepaṭi sigra anggènira nabda mring kang paman Praboe ing Mandaraka: „Inggih, paman, sampoen koewatos, jèn taksih poetrasampéjan poen Koeroepati."

Koeroepati ladjeng ḍeḍawah mring kang raji Praboe Joeḍiṣṭira: „Si aḍi mara boeboehi saparo ana régol kang kidoel, poen kakang régol kang elor, pager bata tjapoeri saparo éwang, ingkang elor balané poen kakang sapangétan sapangoelon, pangidoelé adoe tengah karo balané si aḍi, jèn mlajoe mangalor si aḍi adja miloe-miloe, wisa déné poen kakang, jèn mangidoel poen kakang ja wis ora iḍep."

Ladjeng boeḍal malebet, Sengkoeni kinèn ngerig Koerawa, ndjoedjoega régol kang elor, bala kinèn ngepoeng pager bata tjepoeri; sigra medal Sengkoeni. Praboe Ngamarta ingkang baris wonten paséban kidoel; Brataséna pinernah nèng bradjanala kidoel; Praboe Joeḍiṣṭira baris nèng régol kidoel.

Kotjapa Praboe Koeroepati ingkang djaga wonten ing régol kang lèr, saḍatengé Sengkoeni ngirid Koerawa, Koeroepati peparéntah, Koerawa kinèn loemebet ing prabajeksa, Koerawa gangsal kinèn njepeng pandoeng kang minḍa Praboe Mandaraka, Koerawa sigra loemebet.

Kotjapa pandoeng agoena kang minḍa Praboe Salja, taksih alenggah moenggèng prabajeksa, saḍatengé Koerawa gangsal datan wigih; kang aminḍa Praboe Salja arsa tinoebroek, Koerawa

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

sinampé, gangsal kalenger sadaja; émoet Koerawa sigra anggènira loemadjeng, moendjoek mring Praboe Koeroepati, matoer jèn boten ketjonggah.

Praboe Koeroepati salah panjana, pandoeng dipoenwastani ingkang raji Radèn Djanaka, ladjeng hoetoesan mring régol kidoel, kinèn nimbali ingkang raji Praboe Ngamarta. Joedistira sigra anggènira mangalèr medal ing plataran, ingkang ngiring kinèn medal sadjawining tjapoeri; praboe Ngamarta panggih lan ingkang raka Praboe Koeroepati: Praboe Joedistira pinasrahan mring kang raka anjepenga pandoeng, Koeroepati sengadi sajah: „Mengko jèn akoe mari sajah takgentèni."

Joedistira sagah loemebet prijangga, sarta ngasta djemparing, tan wigih mring pandoeng agoena, kang minda Praboe Mandaraka, tan wawang, sigra djinemparing kénging djadjanira, babar dados danawa, sigra anggènira sesoembar: „Ja Ratoe Ngamarta, adja kèri kélangan, bakal pangantèn takgawa." Danawa ladjeng moemboel.

Kotjapa salebeting kadaton, saitjaling poetri tangis kados gerah.

Sinigeg ingkang anangis, kotjap Praboe Mandaraka pepakan sadaja, Praboe Koeroepati, Ngamarta, Brataséna, samja pirembagan itjalé Érawati, rembagé Koeroepati: oetoesan mring Mandoera mitedanana oeninga, saitjaling poetri kang binekta pandoeng, patah sampoèn boten kanggé, jèn sagah manggihaken temtoe damelé. Radèn Roekmarata ingkang kinon sigra mangkat.

Sinigeg genti kotjapa Praboe anom Mandoera, ingkang pinarak manggihi patih Pragota, angatoeraken angsal-angsal, sigra kinèn madjeng, sareng tiningalan kapratjaja angsal-angsalé Patih Pragota. Sembadra tinimbalan, wedalé Dèwi Sembadra ladjeng ginadoehan palara-lara, angsal-angsalé Pragota ladjeng binekta loemebet dateng kapoetrèn saréntjangé sadaja, sadatengira kapoetrèn ladjeng tinoenggil saré, réntjangnja ginadoehaken mring para njai njatoenggil. Sembadra sampoenira saré manahé boten sakétja, bok palara-lara étja anggènira tilem, nanging ladjeng babar malih djaler; Sembadra kagèt, sareng tiningalan tijang djaler: loemadjeng medal.

Ngadeg Praboe Kakrasana ing djawi, sadatangé Radèn Roekmarata, toer oeninga jèn ingkang raka binekta pandoeng, palara-lara sampoen boten kanggé, jèn sagah manggihaken tamtoe damelipoen. Kakrasana sagah. Roekmarata pamit kalilan; sawedalé Dèwi Sembadra wroch jèn palara-lara malih lanang, Praboe Kakrasana sigra loemebet, mirsa ponang palara-lara, sareng doemoegi kapoetrèn sigra anggènira ngintip, doepi tiningalan ingkang

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

raji ing Madoekara, Praboe Kakrasana ladjeng ngendelong doekanja; Ardjoena sinoewaran: „Wis kowé adja loenga-lòenga teka kono, takarani doedoe kowé."

Kakrasana sigra medal animbali patih Pragota, sareng dateng kinèn madjeng, ladjeng dipoen-gandjar pisang bangka salirang. Pragota kagèt: „Dosakoela ingkang poendi, goesti?"

Praboe Kakrasana ngandika: „Emboeh gagapana saselané igamoe, jèn ana."

Pragota matoer: „Boten wonten ingkang keraos, koelasaloesoer salebeting iga, toewin sadjawining iga: boten wonten, resik sadaja."

Kakrasana angandika: „Matamoe ora ndedeleng, koepingmoe ora ngroengokaké, olèh-olèhmoe botjah wadon kaé, doedoe wong wadon, wong lanang."

Pragota kagèt: „Poenapa jektos, goesti, koela noewoen, adjeng oeninga."

Kakrasana angandika sarèh: „Wis adja, satemen-temené goestimoe si Djanaka dèwé."

Pragota matoer: „Poenapaa teka sampéjan doeka dateng koela, koela tijang boten oeninga sajektosipoen, kalihan koela tijang alit, kénginga kilap kados, goesti makaten tingal batara, poenapaha kénging kilap, koela malih jèn botena nòendjaknoendjak."

Kakrasana ngandika malih: „Wis, Pragota, menenga baé adja tjetjatoeran, teka kowé tjetjatoeran ing djaba, takboengis; sédjé sing taktjatoer, si Narajana apa wis teka?"

Pragota matoer: „Wertosipoen sampoen rawoeh rajisampéjan, wonten inggih sapeken."

Kakrasana ngandika: „Wis, Pragota, karia kéné baé, adja loenga-loenga, menèk ana wong metoe, sapa-sapa adja kowé awèh, akoe takniliki si Narajana." Ladjeng késah.

Adegé Radèn Narajana kalih Dèwi Djembawati, satibaning gamelan Kakrasana dateng, ndjoedjoeg wingkingé Narajana, ladjeng kèndel mawon Kakrasana, sasoewoeking gamelan Djembawati matoer mring Narajana: „Koela poenika bèndjing poenapa anggènsampéjan ngatoeraken kalih ingkang raka djengandika?"

Narajana modjar: „Kowé ora takatoeraké, arep taklironi baé, takgolèkkaké ing pasar gedé kono jèn olèh."

Kakrasana anggegem tangan, ingkang raji dipoenagagi biti.

Djembawati matoer malih: „Sadèrèk dika poenapa Praboe Kakrasana poenikoe?"

Narajana modjar malih: „Sadoeloerkoe lanang toenggal rama toenggal iboe, nanging ora pati apik, isih apik akoe, sok wonga baé arep, sok dasara wadon."

Djembawati matoer malih: „Bagoes poendi kalih sampéjan?"

Saoeré Narajana: „Isih bagoes akoe, lemah karo langit."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Kakrasana toekoep laṭi sarta gegem-gegem asta.

Narajana modjar malih: „Sembari akèh tjatjadé **kakang mas** koewé, astané koewaga, karo lakoené rada pékoh, paḍarané bèkèl, pamiḍangané rada ngringkoes, lan jèn ngandika rada tjédal, ilaté rada tjoepet, moelané jèn ngandika rada grojok, wong ditjlaṭoni arang ḍènger toemoeli."

Kakrasana kekebeken anggènira mijarsa, ingkang raji ginetak saking wingking: „Dah, iki bok oewis angrasani wong kaḍanḍeng."

Djembawati kagèt mladjeng, Narajana nolèh sarta njentak: „Dah, kang mas sampéjan nikoe ndjedjaroehi temen, botjah gírasé boten djamak, lagèk koela arih-arih teka sampéjandjedjaroehi, la kados poendi, ta, mladjeng poenika."

Kakrasana modjar: „Kowé ikoe apa srengen, katepas-katepoes, petjétja-petjétjé, akoe arep takon menjang kowé, mengko srengena, kowé ikoe apa wong dikongkon apa karepmoe ḍéwé, loemrahé wong kinongkon koewé, jèn wis olèh diwènèhaké kang akongkon, kowé ikoe ta ora, wong dikongkon teka diplep ḍéwé."

Narajana modjar: „Kakang mas waoe sampoen dangoe anggèn sampéjan rawoeh?"

Kakrasana modjar: „Doeroeng soewé olèhkoe teka; ja généa ta?"

Narajana matoer: „Soekoer manawi dèrèng dangoe."

Olèhkoe teka ḍèk paimpoer, karo ḍèk tangan koewaga maoe: olèhkoe teka."

Narajana ḍekoe-ḍekoe sarta njoewoen apoenten: „Meningi wi-witanipoen rawoehsampéjan, koela noewoen apoentensampéjan kémawon, boten malih-malih, koeladamel ngaringi laré poenika kadjengé toetoet."

Kakrasana modjar: „Apa koerang aring-aring, wong kogawé tetombok koewé; kaé maoe botjah ngendi?"

Narajana matoer: „Laré ngerdi, anaké panḍita, nanging ragi lowoeng warniné, mila koelapenḍet."

Kakrasana modjar: „Ja wis pèken ḍéwé botjah koewé. Poetri Mandaraka ilang dipèk ing maling, karo akoe dimedjanani oewong, adjimoe ḍéwé si Sembadra ditjekel oewong, dionṭoh-onṭoh."

Narajana modjar: „Poenikoe poenapa jektos kakang mas?"

Saoeré Kakrasana: „Ora taoe mloto kaja kowé."

Narajana soemaoer: „Poenapaha sampéjankèndelaken kémawon, boten sampéjantjepeng?"

Kakrasana modjar: „Akoe iki mentas perang kalah, dibanting akoe maoe nganti rengkeng-rengkeng, oléhkoe maréné kijé ndjaloek toeloeng menjang kowé."

Oedjaripoen Narajana: „Tijangipoen poenapa taksih?"

Saoeré Kakrasana: „Isih, malah sesoembar maoe: adja kowé Kakrasana, Narajana adjokna; mangkono maoe soembaré."

Narajana takèn malih: „Tijangé poenapa ageng, ageng poendi kalih sampéjan?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Gedé akoe, pada kara kowé."

Narajana soemaoer: „Poenapaa sampéjan kawon?"

Kakrasana soemaoer: „Kalah pisan wong kari otot."

Narajana modjar: „Mangké koelaajonané, koelagadoné atiné, koelamamahé koepingé."

Narajana mladjeng sarta dèntetepaké doewoengé, Kakrasana noetoeti njegati ngadjeng, oedjaré Kakrasana: „Mandega disik, akoe arep takon menjang kowé; kowé wani-wani temen karo kang medjanani menjang adimoe koewé?"

Saoeré Narajana: „I, poeroen koela."

Oedjaré Kakrasana: „Ngangsi njoengir lambéné, poeroen bok poeroen mangkono baé géné, nganggo norong lambéné, mara nèk kowé wani-wani temenan, ajo pada djadjal-djadjal geloet karo akoe, menèk kowé bisa mbanting akoe, bisa ngalahaké sing medjanani adimoe, mara akoe kalahna disik."

Narajana mlèrok kalih moengkoer, sareng nolèh, modjar Narajana: „Poenikoé napa temenan, napa gegoejon; moelané akoe sok ora bisa nglakoni, ja mangkono, adja sok gawé odjat amrih nepsoening wong."

Kakrasana aris modjar: „Moelané kowé takadangi, satementemené adimoe dèwé si Djanaka."

„Djanaka sétan belang botena, sadèrèk makaten boten betjiké."

Kakrasana modjar: „Ja, wis bener kowé, wong wis patjangané adimoe koewé karo si Djanaka, karo akoe bari oetang sanggoep, teloeng prakaranè miloe lara dèk akoe ana ing Nogasonja, akoe éling dèk pasemar djantoer, réwangkoe lara lapa, angoer kowé menangi gegadjih noempang, apa ora éling dèk pakangsa kakangané takgawé djago?"

Narajana soemaoer: „Katah-katah sampéjan pangandikakaken, dadak ndoedoek apoes kependem, tijang saé sami saé, dipoendoegèkna, telasanipoen sampéjanadjani, sampéjanaben, lah poenapa ndadak toetoer-toetoer, mbendé agawé rengkèg gawé nepsoening wong."

Kakrasana modjar: „Ja wis, menenga baé, linggiha boerikoe kéné baé kowé, mengko takoendangé."

Kakrasana beloek-beloek: „Parta! Parta! metoea!"

Alon medal Radèn Djanaka sarta ngabekti.

Kakrasana modjar: „Moelané kowé takkon metoe, adja kowé maras atimoe, prakara adikoe koewé, mangsa takomah-omahna toemoeli, wong wis pepatjangannoe, nanging akoe rabèkna disik."

Ardjoena matoer: „Jèn wonten karsa sampéjan, lah poetri Mandaraka kados poendi?"

Kakrasana modjar: „Poetri Mandaraka ilang digawa maling; ikoe golèkana."

Radèn Djanaka boten matoer, ladjeng késah.

Kakrasana ladjeng nolèh mring Narajana:

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

„Keprijé ta, olèhmoe ngalakaké, jèn didjaloek gawéning sanak, olèhé nglegakaké ati ora djamak, mak leng ora ana banèné, ora kaja kowé, padoemoe kemroesoek ora djeboel."

Narajana modjar: „Sanaḍyan koela katjèk poenapa, jèn wonten pangandika sampéjan, dèrèng kantenan jèn koela boten poeroen, saniki napa?"

Kakrasana modjar: „Ja mara golèkana."

Narajana késah.

Kakrasana takon: „Lah, kowé menjang endi, teka menjang kebon koewé?"

Narajana soemaoer: „Mangké ta, roemijin, koela golèkané botjah wadon waoe roemijin, menèkné késah."

Kakrasana misoeh mring kang raji: „O, digegodjog!"

Ladjeng boebar. Kakrasana noesoel mring Djanaka ketjanḍak wonten mergi.

Oedjaré Kakrasana: „Akoe ora téga, dadia mati, oerip, ajo taktoet boeri."

Ladjeng mangkat tijang kekalih.

—

Sinigeg genti kotjapa adegé Ratoe boeta kalihan poetrané.

Ngandika Radja danawa: „Wis kena si Érawati takgawa wis bandjoer pondongen."

Kasaroe lebeté Radèn Djanaka lan Kakrasana, sami boten katingal kalih pisan, ladjeng sami loemebet ing kaḍaton, Semar, Nalagarèng, Pétroek. Poetra ladjeng malebet.

—

Sinigeg adegé kapoetrèn, Dèwi Érawati ingkang nangis, satibaning gamelan: ḍatengé ingkang raji Radèn Djanaka, ingkang raji rinangkoel sarta tinangisan; sasireping tangis, Dèwi Érawati ladjeng dinèkèk ing sesoepé, Djanaka ladjeng medal ngoepados ingkang raka Radèn Kakrasana.

Kotjapa Radèn Kakrasana, ingkang ngadeg wonten satengahing kori sarta amalang kaḍak kiwa tengen. Saḍatengé poetra danawa aningali tijang malang kaḍak wonten ing pintoe, tinakènan mring poetra danawa.

Kakrasana ḍaḍag saoernja: „Akoe kongkonan saka Mandaraka anggolèki poetri."

Poetra danawa kagjat, Kakrasana ladjeng tinoebroek, Kakrasana ladjeng maloempat ladjeng aprang; poetra danawa narik tjoeriga, Kakrasana sinoedoek datan pasah, poetra danawa tinampiling remoek ponang sirah, ladjeng pedjah, noenten ingoentjalaken medal ḍawah ngadjengané kang rama.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Kang rama kagjat ladjeng koerda aningali kang poetra pedjah, tan ngantos animbali bala, ladjeng loemebet panggih lan Kakrasana. Kakrasana ladjeng sinaoet kang sirah arsa dèn oental, Kakrasana malangkadak, Radja danawa klelegen, Kakrasana amoesti nenggalanira, toemandoek reksasa Radja: pedjah, ladjeng tiniiar.

Tan kotjapa ing wingking. Kakrasana pirembagan kalih ingkang raji, Dèwi Érawati kinèn ngatoeraken mring kang raji Radèn Djanaka, mantoek mring nagri Mandaraka. Kakrasana ladjeng mantoek mring Mandoera, ingkang raji winekas: „Bokmanawa ana karsané dedawoeh sinoehoen Mandaraka, mangsa bodoa kowé, akoe wis pratjaja menjang kowé."

Ladjeng oengkoer-oengkoeran.

Sinigeg genti kotjapa adegé Batara Goeroe lan Narada, Batara Goeroe ndangoe gara-gara.

Narada matoer: „Jèn gara-garané Praboe anom ing Mandoera angsalé panggih lan poetri Mandaraka, poen Salja gadah kekoedangan, poen Érawati jèn émah-émah anganggéa gagar majang kadjeng dèwadaroe, panakawan Dèwa parekan widadari."

Batara Goeroe ladjeng djoemoeroeng; angling Batara Goeroe, Narada kinèn medoen; anggawaa Dèwa woloe, Widadari woloe: „pakenira dawoehna mring si Kakrasana, gegawan pakenira dadia pasoembang manira, adja nganti soemengka pangawak bradja, sarta manira gandjar djeneng, namaa Praboe Baladéwa." Narada mitoehoe, pamit lèngsèr ladjeng medoen.

Sinigeg genti kotjapa Praboe ing Mandaraka, pinarak pepakan sadaja, kang poetra Ngastina: kang poetra Ngamarta, Brataséna. Sadatengé Radèn Djanaka, dinangoe Djanaka matoer poerwa tekèng doeksina.

Praboe Salja gadah kekoedangan: „Anak Mandoera jèn ngarak panakawan Dèwa, parekan Widadari, kembar-majang dèwadaroe, anak Praboe ing kana apa sakarsané, olèha ésoek, soré ngaraka."

Djanaka pamit moendoer.

Sinigeg genti kotjapa Praboe anom ing Mandoera, tamoean Batara Narada, amaringaken pasoembang Dèwa woloe, Widadari woloe lan kembang majang kajoe dèwadaroe, sarta kapatedan nama Praboe Baladéwa. Kakrasana moendjoek anoewoen. Narada mesat. Sadatengé Radèn Djanaka ngatoeraken kekoedangané kang oewa, Kakrasana ladjeng pareng, déné sampoen sarwa wonten, ladjeng bodol.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

(Gambar No. 8). Sinigeg genti kotjapa Praboe **Mandaraka,** kang pinarak lan Praboe sakalihan, saḍatengé **pangantèn, sareng** pinirsa kekoedangan pepak saḍaja, tan wonten kang géṭang, **noelja** kang poetra pinanggihaken.

Sampoen éndjing atantjep kajon.


Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google



GAMBAR NO. 8.

Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

3 Poenika lampahan Alap-alapan Soertikanti.

Angadeg nagari Mandaraka, maharadja Salja pinarak anèng pandapa, kalihan ingkang poetra Radèn Roekmarata lan Patih Toewajata, ingkang ginoenem damelé ingkang poetra Dèwi Soertikanti, patjanganira Praboe Koeroepati. Sesoeroean Ratoe ing Ngamarta ingkang sampoen dateng. Dèwi Soertikanti mbebana, loemampah dipoenpaèsi ingkang raji ing Madoekara. Radèn Ardjoena kantoen nengga nagari ing Ngamarta, Roekmarata ingoetoes mring Ngamarta animbali Ardjoena. Toewajata ingoetoes mring nagri Ngastina matedjani oeninga, jèn daweg animbali ingkang raji ing Madoekara, sampoen agé angarak toemoenten, jèn boten dateng ingkang raji. Roekmarata lan Toewajata ladjeng mangkat.

Noenten kadjatonan, Dèwi Setjawati, Soertikanti Banowati. Oendoeripoen Praboe Salja sarta ngandika mring kang raji Dèwi Setjawati, jèn saweg animbali ingkang poetra Radèn Djanaka, Radèn Roekmarata kang kinèngkèn. Boebaring dalemnan; pasèban djawi Radèn Roekmarata, panggih lan kang raka Radèn Arja Boerisrawa, sampoen ingatoeran warti ingkang raka, jèn kinèn animbali ingkang raji ing Madoekara. Roekmarata sigra boedjal.

Sinigeg genti kotjapa ing nagari Ngawangga, mahardja Koen djaja Karna, animbali danawa emban, awasta emban Ranihasa; Koendjaja Karna ngandika jèn ngimpi pinanggih lan poetri ing Mandaraka Dèwi Soertikanti, anoegoeh danawa poenggawa awasta kjai Bragalba, ingoetoes mring nagri Mandaraka, sarta pinaringan soerat, ladjeng kinèn mangkat, Bragalba samantriné bodol sadaja.

Sinigeg genti kotjapa gara-gara, Semar, adegipoen Radèn Djanaka tetamoean Radèn Roekmarata. Roekmarata modjar, jèn ingkang raji ngandikan mring kang oewa. Atoeré Radèn Djanaka sandika, nanging ingkang raka kinèn roemijin. Djanaka soemados gentos tapak. Roekmarata pamit, Ardjoena ing wingking anoesoel.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Sinigeg adegé danawa repatan, kèndel wonten ing marga, sadangoening potjapan kepetoek Radèn Djanaka, ladjeng aprang, danawa kawon ladjeng pedjah, Djanaka ladjeng.

(Gambar No. 9). Sinigeg genti kotjapa ngadeg nagari Petapralaja, mradja Radéja kalih ingkang poetra Radèn Soerjapoetra, kalih Radèn Soerjanirada. Mahradja Radéja ndangoe ingkang poetra Radèn Soerjapoetra anggènira saking kekésahan. Ingkang poetra matoer mring kang rama, jèn akésah areremenan kalih poetri Mandaraka, poen Dèwi Soertikanti. Ingkang rama mijarsa jèn badé angsal Ratoe Ngastina, ingkang poetra pinenggak. Radèn Soerjapoetra tan kénging, ladjeng pamit méntar. Radèn Soerjanirada dinawoehan mring kang rama, kinèn memanoeki mring kang raka, jèn tjelak kinèn nebihi. Sigra ladjeng.

Sinigeg adegipoen Ratoe ing Mandaraka, kang poetra Ngamarta, Brataséna. Salja ngandika mring kang poetra, jèn ingkang raji tinimbalan, sinoeprih amaèsi mring kang raka Dèwi Soertikanti. Praboe Ngamarta djoemoeroeng miwah Brataséna. Tan adangoe datengé Radèn Roekmarata, ngoendjoeki oeninga jèn ingkang raji wonten ing wingking.

Boten dangoe sadatengé Radèn Djanaka ladjeng tinimbalan. Sadatengé wonten ingarsa Praboe Salja ngandika, jèn kinèn maèsi kang raka Dèwi Soertikanti béndjang jèn kepanggoeh. Praboe Salja oetoesan animbali mring Banowati, sigra dateng Banowati. Praboe Salja ngandika mring Dèwi Banowati pinaringan gadoehan ingkang raji ing Madoekara kinèn gegadoeh. Sandika atoering Banowati, ladjeng binekta mring kapoetrèn, sadatengira kepoetrèn, Djanaka pamit mring Banowati, arsa toewi mring kang raka Dèwi Soertikanti.

Banowati modjar, Djanaka tinoetoeran: „Kowé tilik ja tilika, nanging adja kowé soewé-soewé, menèk kowé kesamaran."

Djanaka takon mring Banowati.

Banowati modjar malih: „Moelané kowé takpenging soewé-soewé, bakajoe ala polahé: bandrèk, moeng kowé sing taktoetoeri, wong sakadaton doeroeng ana weroeh."

Djanaka takèn malih: „Wong ngendi batoeré demenan?"


Banowati soemaoer: „Emboeh, ora weroeh omahé, tekané tanpa sangkan, maloempat baé pager bata, roepané abagoes mèmper kowé, wis lawas olèhé demenan, wis olèh satengah sasi."

Djanaka sareng mirsa sanget sakité manahé, roemaos jèn dipoenmedjanani, Djanaka sigra ladjeng mring enggèné kang raka, Dèwi Soertikanti.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google



GAMBAR NO. 9.

Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Noenten adegé Dèwi Soertikanṭi kalih Radèn Soerjapoetra, kotjap mentas woengoe saré sakalihan sadangoening gegoeneman, Radèn Djanaka beloek-beloek, Soerjapoetra kagjat tanja mring Soertikanṭi.

Soertikanṭi matoer: „Poenika rajikoela ing Madoekara, mrikiné koelaoendang."

Soerjapoetra modjar: „Ija temonana, nanging adja soewé-soewé, samoebarang sing didjaloek noeli wènèhana, karbèn noeli loenga, kowé noendoenga awada ngeloe, akoe takana ing soewengmoe kono."

Sampoen loemebet ing sengkang; Djanaka ingkang ḍateng sesampoenira binagèkaken, Djanaka tanja mring Soertikanṭi: „Koela niki dikèn mriki wonten damel poenapa?"

Soertikanṭi ngandika mring kang raji: „Kowé takgawé kaoel, menèk bisa omah-omah, adja lija kang maèsi kadjabané kowé."

Djanaka matoer mring kang raka: „Koela niki jèn boten menjanga, dados wandé olèh dikakrama, lah, koela sampéjangandjar poenapa?"

Soertikanṭi ngandika: „Lah kowé ndjaloek apa, apa sakarepanamoe?"

Matoer Radèn Djanaka: „Jèn koela sampéjansakadjeng inggih wonten ingkang koelasoewoen, agem sampéjan sengkang poenika ingkang koelasoewoen."

Soertikanṭi modjar: „Wong lanang ora gegeḍèn soeweng saméné, takgawèkaké baé kowé: anting."

Djanaka matoer: „Boten koelaanggé, bèndjing manawi koela rabi: koelaanggèkaken rajisampéjan."

Soerjapoetra bisik-bisik sengkang kinèn ngoewèhaké: „Akoe ngalih nèng ali-ali."

Sengkang sigra pinoetjat sinoengaken mring kang raji Radèn Djanaka.

Atoeré Radèn Djanaka: „Inggih sanget panoewoenkoela kakangbok, sampéjanparingi sengkang, sampéjanagem malih roemijin, koela noewoen titip mawon ḍateng sampéjan roemijin, bèndjing jèn émah-émah mawon koelasoewoen, agemsampéjan soepé poenika koela remen."

Soertikanṭi modjar: „Akoe lagi akon gawé kembarané ali-ali kijé, bésoek jèn wis dadi pèken."

Djanaka matoer: „Ingkang kantoen kémawon sampéjanagem."

Soerjapoetra bisik-bisik: „Bagoes roepané, teka njlakoeṭis, aninggal wewangoenané, wènèhna-wènèhna, karbèk noeli minggat, akoe ngalih patoeron, jèn wis loenga ajo noeli toeroe wong loro."

Sigra pinoetjat ponang ali-ali sinoengaken mring kang raji Soertikanṭi modjar: „Enja enggonen apa seḍeng, kowé noeli lèrèna, menjanga panggonanmoe, tetoeron-tetoerona."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Djanaka matoer; „Inggih noewoen sampéjanparingi sesoepé: kakang bok, sampéjanagem malih roemijin, koelatitip ḍateng sampéjan, bèndjing koelasoewoca sarenga kalih sengkangipoen. Ingkang nata pasaréansampéjan poenika sinten, teka ragi boten kaleresan, jèn pareng koelaleresené."

Soertikanṭi ngandika: „Ja apa karepmoe."

Djanaka sigra loemebet ing pasaréan, saboek dipoenkentjengi, Doewoeng tinetepaken, sigra minger winedalan saking poengkoer. Soerjapoetra étja gènira lenggah wonten satengahing kasoer, sarta asila toempang angentrog wentis. Djanaka arsa noebroek anjampar bokor kantjana: Koemrompjang kenḍi pratala malesat.

Soerjapoetra kagjat noeli loemadjeng. Djanaka mboedjoeng, lir koepoe ataroeng gènira aprang. Soertikanṭi mawas, jèn ingkang raji mboedjoeng ingkang raka, nanging taksih dèrèng katingal ingkang raka, moeng Djanaka kang katingal, kados sinatrija salah tonen: „Kena jèn akoe matoera dora sembada, Djanaka kijé mari-mari jèn kena, menèkné doewé karep. Ora ana jogané sing takdjaloeki toeloeng amisaha si Djanaka, moeng kakang Praboe ing Mandoera."

Soertikanṭi mladjeng mring pasanggrahaning Mandoera.

Sinigeg adegé Praboe ing Mandoera moenggèng pasanggrahan, kang wonten ngarsa Patih Pragota, Prabawa. Kang dinangoe Praboe Baladéwa sesaosan soegoeh tamoe: „Sembeléhan adja nganti ngisin-isini, di mbloedag adja nganti ngisin-isini kandjeng rama."

Pragota matoer: „Kala waoe ḍateng kekintoenan saking Mandoera, maésa goenggoeng kalih — belah, saoewosipoen saboemboenipoen"

Baladéwa soeka goemoedjeng: „Mangsa entèka, sapira gawéné si Soertikanṭi".

Tan adangoe ḍatengé ingkang raji Dèwi Soertikanṭi, asesambat adjrih-adjrih.

Baladéwa kagjat: „Wedi ana apa?"


Soertikanṭi matoer: „Koela tamoean rajisampéjan ing Madoekara, ingkang koelasoewoen baḍé amaèsi anggènkoela dados pangantèn, sareng ḍateng ngarsané ingkang rama, ladjeng toewi ḍateng koela, koela soeba-soeba, koelakoermati, koela tijang tamoean saḍèrèk anèm, poen Djanaka ladjeng malebet ḍateng patilemankoela, sajadanipoen angleresaken kadjang sirah, koelalilani, sareng doemoegi patileman salah ton kalih ngagar-agar ḍoewoeng.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY



GAMBAR. NO. 10

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Original from CORNELL UNIVERSITY
Digitized by Google

Baladéwa modjar: „Méndalnéa, mara takdelengé."

Baladéwa loemebet ḍateng kapoetrèn, sareng mirsa Radèn Djanaka jektos mlodjang-mladjeng kalih ngagar-agar ḍoewoeng, Baladéwa nglenggak tebah-tebah djadja: „Éman temen bagoesé, teka doewé lara kaja mangkono, jèn bèbèt teka kang iboe ora ana kang doewé lara kaja mangkono, emboeh mènèk teka bèbèté kang lanang."

(Gambar No. 10). Sigra dandan Baladéwa, ingkang raji sigra tinoebroek saking poengkoer, sigra binanda Radèn Djanaka ing tjinḍé poespita, asta wonten ngadjeng. Djanaka ladjeng noetoet kémawon, matoer mring kang raka Mandoera: „Dosakoela poenapa, koela sampéjantjepeng."

Modjar Praboe Mandoera: „Olèhmoe ngagar-agar keris sambi mlajoe-mlajoe koewé, olèhkoe njekel."

Djanaka matoer: „Tijang saweg wonten kadjengkoela."

Saoeré Baladéwa: „Ja bener sakarep-karepmoe wong owah, lah kowé weroeh akoe, akoe sapa, mara?"

Djanaka matoer: „Sampéjan kakang Praboe ing Mandoera."

Saoeré Baladéwa: „Wroeha kaé ḍat-ḍatan baé, ajo ta takgawa metoe mréné, takatoeraké kangdjeng rama, si aḍi Ngamarta, si aḍi Pamenang."

Ladjeng binekta medal.

Kotjapa adegipoen Praboe Mandaraka ingkang taksih ḍahar étja, ingkang poetra ing Ngamarta lan Brataséna; sadangoening sami ḍahar, sarawoehé ingkang poetra Praboe ing Mandoera, sarta mbekta ingkang raji Radèn Djanaka binanda, moenggèng ngadjeng tinangsoelan tjinḍé sekar.

Praboe Mandaraka kagjat, tanja mring kang poetra Praboe Baladéwa.

Alon matoer Praboe Baladéwa: „Mila koelatjepeng, poenika waoe nalar saking poen Soertikanṭi, mladjeng ḍateng panggénankoela, sambatipoen neḍa toeloeng, jèn Ardjoena salah ton, sareng koelapirsa jektos, mladjeng-mladjeng kalih angliga ḍoewoeng, ladjeng koelatjepeng, Djanaka noetoet kémawon."

Ardjoena dinangoe mring Praboe Mandaraka. Ardjoena matoer: „Mila koela ngliga ḍoewoeng boten teka salah tonen makaten, leres jèn dipoenwastanana makaten, koela poenika mboedjoeng pandoeng, wit koela mboedjoeng pandoeng, saking poetrasampéjan kakangbok Dèwi Banowati ingkang tjetjrijos ḍateng koela' pramila koela oeninga pandoeng."

Praboe Mandaraka ngandika kinèn nimbali Dèwi Banowati. Sigra ḍateng Dèwi Banowati, dinangoe mring kang rama.

„Ikoe kaprijé aḍimoe koewé, déné teka dadi salah ton, djaréné nalar teka kowé, kotoetoeri apa?

Banowati matoer: „Mangké koela moendjoek kakang Praboe Mandoera roemijin: Mila raji sampéjan, sampéjan tjepeng saking sinten?"

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Baladéwa ngandika mring kang raji Dèwi Bonawati: „Moelané adjimoe si Djanaka taktjekel, kakanganmoe si Soertikanti mlajoe menjang enggonkoe ndjaloek toeloeng, toetoer jèn adjimoe salah ton, maleboe patoeron angagar-agar keris, sarta mlajoe-mlajoe, bareng taktiliki njata, moelané adjimoe taktjekel; mangkono nalaré."

Bonawati modjar: „Ajoe temen kakang Dèwi Soertikanti, plaoer bandrèkané karo sadoeloeré, koela poenika moendjoek blaka kémawon kalih ing sampéjan, sadasa koela alingana kakang Soertikanti boten kénging, kakangbok poenika ngiwa, gadah remenan, bagoes temen warniné, sami kalih rajisampéjan ing Madoekara warnanipoen; sareng rajisampéjan Madoekara badé toewi raji sampéjan koelatjrijosi, koelapenging dangoe-dangoe, manawi ndjedjaroehi, kalih manawi kasamaran; raji sampéjan Madoekara teka ndedes dateng koela, ladjeng koelablakani, mila dadosipoen makaten."

Baladéwa angandika mring kang raji Banowati: „Ikoe apa temen kaja mangkono?"

Banowati matoer: „Ila-ila poenapa, jèn koela moendjoeka dora ing sampéjan, sampoen lami temen anggènkoela ngalingi, koela boten soeka boten lila, raji koela dipoendamel tombok reremenan."

Praboe Mandaraka angandika: „Sampoen anak Praboe ing Mandoera, jèn kaja makaten nalaré dikaoetjoeli, Soertikanti dadi sing ala koewé, géné kowé ora ana toetoermoe menjang akoe, wong kaja mangkono gawéné."

Atoeré Banowati: „Koela adjrih, manawi koela dipoenwastani toembak-tjoetjoekan, manawi dados landesan."

Praboe Salja angandika mring kang poetra Praboe Mandoera: „Jèn kados makaten dikarodjongi angsalé njepeng pandoeng."

Baladéwa sagah, Brataséna kedah toemoet, ladjeng loemebet katiga pisan. Baladéwa dipoentilar ing kori ngadjeng, Brataséna moenggèng ing beboetoelan, Ardjoena loemebet pijambak.

Kotjapa Dèwi Soertikanti kalihan ingkang raka Radèn Soerjapoetra; angandika Radèn Soerjapoetra ingkang raji dipoenbekta mantoek dateng ing Petapralaja.

Soertikanti alenggana: „Poeroen koela mrika, koela neda pangarih rajidika, dikabekta mariki: si Soerjawati."

Ingkang raka sagah; boten dangoe Ardjoena soembar-soembar, Soerjapoetra mijarsa kagjat, ladjeng pinetoekaken aprang, ramé anggènira aprang.

Kotjapa Radèn Soerjanirada mirsa ingkang raka abandajoeda, ladjeng tetocloeng, ladjeng pinetoekaken mring Praboe Baladéwa; Soerjanirada kawon mladjeng mangétan, tjinegatan mring Brataséna, mladjeng mangilèn tjinegatan Baladéwa, Soerjanirada njalimpet ladjeng itjal, kepanggih lan Soerjapoetra, ingkang raka ingatoeran mbolos; Soerjapoetra noeroet ladjeng mbolos; kantoen Praboe Mandoera lan Brataséna tetiga lan Djanaka, samja pirembagan:

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

GAMBAR No. 11.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Atoeré Radèn Djanaka ingkang raka tinilar: „Sampoen sampéjan moendjoek, jèn boten ḍateng koela, koela djoedjoelé pandoeng poenika ḍateng grijanipoen."

Brataséna nanggel: „Akoe roepané jèn loengané aḍimoe si Djanaka."

Mangkat Radèn Djanaka, ladjeng mring nagri Peṭapralaja.

Sinigeg genti kotjapa adegipoen Ratoe Peṭapralaja Mahradja Radéja, tinangisan mring kang poetra Dèwi Soerjawati, sambat-sambat Radèn Soerjapoetra.

Mradja Radéja ngandika: „Wis menenga, mèh teka kakanganmoe, agèk loenga menjang nagara Mandaraka, mengko noeli teka kakanganmoe."

Boten dangoe saḍatengé Radèn Djanaka, tinangisan mring Dèwi Soerjawati, dipoenwastani ingkang raka.

Ngandika Mradja Radéja: „Ana ngendi poetri Mandaraka, déné teka ora kogawa?"

Djanaka matoer: „Mila boten koelabekta, boten poeroen, kedah neḍa pangarih, poetra sampéjan Soerjawati koelabekta, koeladamel pangarih."

Mradja Radéja ngandika, ingkang raji kinèn mbekta, ladjeng binekta Dèwi Soerjawati. Sapoengkoeré Radèn Djanaka, ḍatengé Soerjapoetra lan Soerjanirada.

Kang rama angandika: „Déné teka bola-bali mbalèni apa?"

Soerjapoetra matoer: „Koela poenika saweg ḍateng."

Ingkang rama angandika: „Lah sing nggawa aḍimoe doedoe kowé, barang-barangé ja wis kowé."

Soerjapoetra matoer: „Poenapa sampoen dangoe?"

Kang rama angandika: „Doeroeng soewé elet sapanginang."

Soerjapoetra matoer: „Ketiwasan, mengsahkoela."

Soerjapoetra ladjeng noetoeti lan Soerjanirada, ketjanḍak wonten margi, Soerjawati tineḍa boten soeka, ladjeng aprang, ramé nggènira aprang. Soerjanirada tetoeloeng, ladjeng pinenṭoeng mring ki loerah Kanṭong-bolong, Soerjanirada ladjeng kalenger, èngget noelja mladjeng. ginoeḍag tijang kekalih: Pétroek, Nalagarèng. Kantoen Soerjapoetra lan Djanaka aprang idjèn, boten wonten ingkang kasoran, sami soediranja. Soerjapoetra modjar, Djanaka dipoendjak bebalapan: endi ingkang ketjanḍak dadi kalahé, mawi panengeran tal saoewit. Djanaka mladjeng roemijin, bineḍag mring Soerjapoetra, sampoen anglangkoengi tal boten ketjanḍak.

(Gambar No. 11). Gentos Soerjapoetra bineḍag, mladjeng kepati Radèn Soerjapoetra, Radèn Djanaka sigra mbeḍag, mèh doemoegi ing etal kirang sapambalang, noelja kadjambak ing rémané,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

sampoen dènoekel, Soerjapoetra sesambat angraos sampoen kawon. Adjeng pinedjahan mring Radèn Djanaka, kasaroe gara-gara oedoennja Batara Narada, anoetoeri mring Djanaka: „Adja kopatèni, sanakmoe dewé koewé, sadoeloermoe toenggal iboe; ingkang ora lahir teka ing marga ina, kowé apa ora ditoetoeri karo iboemoe si Koenti, olèhé doewé anak dèk prawan, metoe saka koeping, moelané djeneng si Karna Soerjapoetra."

Ardjoena sareng mijarsa sadelingé Batara Narada, ladjeng rerangkoelan, sami angrerepa ing kalihnja.

Narada ngandika malih mring Radèn Djanaka: „Wis ta, Djanaka, malah éwang-éwangana kakanganmoe koewé, si Soertikanti koewé woes pestiné dadi djodoné si Soerjapoetra, déné djodoné si Koeroepati: si Banowati."

Ladjeng amitoehoe kalihnja, Narada moemboel. Karna, Ardjoena ladjeng mring Mandaraka.

Sinigeg genti kotjapa, ngadeg Ratoe Ngawangga Praboe Koendjaja Karna, sadatengé ingkang emban, angatoeri oeninga jèn tiwas, dèrèng ngantos doemoegi selak pedjah wonten margi, aprang kalih Radèn Djanaka, kantjakoela pedjah sadaja.

Koendjaja Karna angandika: „Wis ora tak sekolèhaké patiné kantjamoe, wong ora takkon kekerengan, lan kowé, balia: emban, ora takgawani lajang, malingana baé si Soertikanti, poma di kena."

Emban sigra mesat ngambah madya gantang.

Sinigeg adegipoen kapoetrèn Dèwi Soertikanti lan para emban, satibaning gamelan danawa èstri dateng sarta boten katingal ndjoedjoeg wingkingé Dèwi Soertikanti, nitik anggènira tjap-otjapan kalih ingkang abdi, tetéla pamirsané danawa emban, jèn Dèwi Soertikanti, ladjeng pinondong binekta moemboel; Sang poetri andjrit, gègèr salebeting kapoetrèn.

Sinigeg adegipoen Praboe Salja, Baladéwa, Dremawangsa, Ardjoena, Brataséna, Soerjapoetra.

Ardjoena matoer: „Pandoeng sampoen ketjepeng, nanging koela tanggel pedjah gesangipoen, jèn dados pareng sampéjan, koela-soewoen dados panggilipoen kalihan kakangbok Soertikanti."

Praboe Baladéwa djoemoeroeng, Banowati kinarja lelintoe, sampoen sami pareng katigané. Kasaroe wedaling emban, ngoendjoeki oeninga jèn ingkang poetra binekta ing pandoeng.

Praboe Mandaraka modjar mring kang poetra Radèn Djanaka, jèn Soertikanti kadamel sajembara. Ardjoena Soerjapoetra sagah, anjoewoen pamit ladjeng mangkat, Brataséna kang memanoeki ing wingking.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Sinigeg genti kotjapa, adegé poen Koendjaja Karna nagri ing Ngawangga, saḍatengé emban moendjoek jèn angsal damel poetri sampoen kabekta, ladjeng kinèn medalaken saking tjetjoepoe. Sampoen medal Dèwi Soertikanṭi, ladjeng loemebet ing kaḍaton. Saḍatengé Soerjapoetra lan Ardjoena amatak adji kemajan boten ketingal, ladjeng loemebet ing kaḍaton. Poen Koendjaja Karna sigra noesoel baḍé monḍong Soertikanṭi. Ladjeng adegé Soertikanṭi wonten kapoetrèn, genḍingipoen kabojong, sarta anangis sambat-sambat. Boerisrawa lan Roekmarata; satibaning gamelan saḍatengé Soerjapoetra, Soertikanṭi kinèn nolèh, sareng nolèh ladjeng ngrangkoel.

Kotjapa Radèn Djanaka minḍa Dèwi Soertikanṭi; saḍatengipoen Koendjaja Karna, Soertikanṭi ladjeng pinonḍong, neḍa panggil noṭok sinoekanan mring Koendjaja Karna, Soertikanṭi sigra malih warna Ardjoena, Koendjaja Karna sareng ṭinoṭok goemeter.

Ardjoena sigra soembar: „Koendjaja Karna biloloken matamoe, doedoe wong wadon, Djanaka, akoe."

Ladjeng aprang, Koendjaja Karna pedjah djinemparing mring Soerjapoetra kang tetoeloeng. Gègèring kaḍoton wedaling para njai, tjrijos danawa kang wonten djawi, danawa goepoeh samja malebet sadaja, pineṭoek mring Wrekoedara, poenggawa danawa telas. Noelja ngadeg Soerjapoetra, Djanaka, Brataséna. Soerjapoetra modjar Ardjoena kinèn mantoek lan Brataséna, kinèn ngoendjoeki oeninga, jèn Soerjapoetra boten mantoek, ladjeng ngadeg Ratoe wonten nagari Ngawangnga. Brataséna lan Djanaka sigra méntar.

Sinigeg adegipoen Ratoe Mandaraka, rawoehé Praboe Ngastina, Sengkoeni, Praboe Baladéwa, moenggèng wingkingé Salja, Praboe Ngamarta. Sengkoeni modjar angatoeraken baḍé mring Praboe Salja.

Salja ngandika mring patih Sengkoeni, oedjaring Salja: „Ketiwasan aḍi Sengkoeni, poetri dipoenbekta pandoeng, saking tiwasé anggènkoela ngreksa, awon ingkang késah: déné ingkang kantoen poen Banowati poenika ingkang koelaatoeraken baḍé kalih anak Praboe ing Ngastina."

Praboe Mandaraka angandika mring kang poetra Dèwi Banowati, ḍinawoehan kinèn menḍet anggoer manis. Banowati késah.

Praboe Mandaraka angandika mring Patih Sengkoeni, sarta Narpati ing Ngastina: „Inggih poenika warninipoen, ingkang koelaoetoes moenḍoet anggoer manis, ingkang koelaatoeraken baḍé."

Praboe Ngastina sareng mijat warnining Banowati, galihé sakalangkoeng panoedjoe; ladjeng ingatoeran masanggrahan.

Noelja atantjep kajon.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

4. Poenika lampahan Alap-alapan Banowati.

Ngadeg Ratoe Ngastina wonten ing pasanggrahan, patihnja Sengkoeni. Ingkang ginoenem pambebananipoen Dèwi Banowati, Praboe Ngastina jèn angarak noengganga gadjah poetih, ingkang srati poetri. Praboe Ngastina sampoen oetoesan mring Radèn Kartamarma, animbali ingkang raji ing Madoekara; sigra ḍateng Kartamarma, angoendjoeki oeninga jèn ingkang raji sowan, alon tinimbalan; sapraptanira ngadjengan, Praboe Ngastina ngandika mring kang raji Madoekara: „Praboe Ngastina amoendoet pasoembang liman peṭak ingkang srati poetri." Sandika atoerira ingkang raji, noelja pamit lèngsèr. Sengkoeni kinèn ngoepadosi pijambak, toernja Sengkoeni: sandika, sigra lèngsèr.

Kotjap dalem pasanggrahan, Dèwi Gendari; sarawoehé ingkang poetra Praboe Koeroepati, matoer mring kang iboe: jèn in g l raji ing Madoekara kinèn ngoepados liman peṭak, sarta ingkang paman ing Plasadjenar: koeḍi patjoel poendi ingkang landep. Ladjeng boebaran, wedalé Radèn Sengkoeni amepak Koerawa, sapratigan ingkang binekta, ladjeng boḍol.

Sinigeg genti kotjapa, nagari ing Timboeltaoenan, Ratoe danawa Mradja Koeranḍageni, anjoepena pinanggih lan poetri ing Tasikmadoe, panengeran Dèwi Retna Djoewita; sigra nimbali poenggawa danawa, pinaringan serat kinèn loemaksana mring nagari Tasikmadoe; sigra boḍol samantrinira.

Sinigeg genti kotjapa, ngadeg Ratoe ing Tasikmadoe, Mradja Kasèndra lan ingkang poetra Kaséna. Sadangoené imbal watjana, saḍatengé danawa oetoesan, sigra tinimbalan, saḍatengira ngatoeraken serat, tinampèn mring kang poetra Radèn Kaséna: binocka, temboenging serat baḍé anglamar Praboe Kaséndra pasrah mring kang poetra Radèn Kaséna. Wekasan amoendoet tinoekoe ing prang, tan arsa tinoekoe ing radjabrana; danawa ḍoeta sagah angatoeri kentjéngan, ladjeng tinoedoeh kinèn medal, Radèn Kaséna sigra noetoeti sarta amepak bala, tetinḍih Patih ing Tasikmadoe Patih Djajaloekita, sampoenira pepak ladjeng boḍol.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

GAMBAR No. 12

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Kotjap danawa panggih lan kantjanira mantri, winartanan jèn pinoendoetan prang, badé anjagahi njaosi kentjéngan, kantjané sami rembag sadaja, awit boten kekatahen lampah, jèn kondjoeka mangsa wandéa tijang kados koela ingkang loemampah.

Sèbet bjar dèrèng dangoe anggènira goenem rasa, kasaroe wedalé poetra ing Tasikmadoe, ladjeng pinetoekaken mring danawa poenggawa. Pradjoerit kapoetran katah risak, Djajaloekita madjeng, dangoe-dangoe ketèmper loemadjeng; Radèn Kaséna oemangsah, dangoe anggènira aprang, katèmper. Danawa kèndel pamboedjoengé, ladjeng masanggrahan malih.

Adegé Praboe Kaséndra. datengé ingkang poetra matoer jèn kawon; Praboe Kaséndra ngandika: „Kang poetra kinèn minta sraja, ingkang saged ngawonaken raseksa; ingkang poetra sigra méntar kinanténan patih Djajaloekita, sigra pamit noelja mangkat.

Sinigeg genti kotjapa gara-gara: Semar, Garèng, Pétroek, Sesampoené bebanjolan, panggih lan Djanaka, winartanan mring ki loerah Semar, ladjeng mangkat analasak wana.

Kotjapa satengahing wana wonten sarpa sadjodo, atali mangsa, sadjodo lawan sima, galaknja anglangkoengi, djalma mara djalma mati. 1)

Sang taksaka nangis aminta pangan mring sima kang djaler, tan adangoe mambet gandaning manoesa, noelja sami ndingkik, tinoeroet sangkaning samirana.

(Gambar No. 12). Kotjap Radèn Djanaka, ingkang kèndel asaré soeméndé ing kadjeng kendajakan, kongsi gingsiring soerja; Semar, Garèng, Pétroek ingkang atengga. Pétroek tjetjangkriman lan ki Garèng, kadamel tjagak elèk; dangoening tjangkriman sadatengé Singaprendjana ndjongok wingkingé ki Pétroek, Pétroek angrasa koemepjoer manahé, mengkarag gitoknja. Sareng dènemèk wingkingé wonten poek-empoek atos, sareng ngoelèt andlèh tiningalan sima ndjongok, Pétroek ladjeng angloemba, loemadjeng sarta beloek-beloek dateng Garèng, kinèn mlajoea: „Boerimoe ana kaki wilwa!"

Garèng sareng nolèh kantjilen soekoenira, loemadjeng kalih késod; ki loerah Semar kantoen, bineloek mring Nalagarèng, kang rama kinèn loemajoe: „Boerimoe ana gemah!"

---

1) Poenika ing padalangan, ambasakaken panggénan ingkang sanget angker, gawat oetawi amoetawatosi, kados ta: Setragandamaji kajanganipoen Batari Doerga, wana Lodaja toewin Ngajah Limrahipoen temboeng makaten waoe kawetahaken: djalma mara djalma mati, sato mara sato mati Pikadjengipoen: Sinten kémawon ingkang amerpeki panggénan poenika, manggih bilai oetawi tiwas.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Semar nolèh soemerep jèn sima, soepé ing goestinira, Ardjoena kantoen pijambak, arsa tinoebroek Ardjoena kagjat, woengoe sigra maloempat, noenten binoedjoeng, aprang dangoe, Ardjoena noelja ngagem djemparing, sima djinemparing watgata ladjeng pedjah. Noelja taksaka kang béla patining lakinira, djinemparing kenèng telakira, taksaka kawatgata pedjah; noelja babar djoewata sadjoḍo: Kamadjaja lan Ratih, ladjeng amanggihi mring Radèn Djanaka.

Moengel genḍing ladrangan sekar lempang gendèr. Kamadjaja panggih lan Ardjoena ladjeng toetoer ing poerwanira kenèng tjintraka, sarta modjar mring Ardjoena tanja ing paranira Ardjoena matoer baḍé ngoepados liman peṭak kang srati poetri. Kamadjaja modjar, kinèn ndjoedjoeg mring nagari ing Tasikmadoe, Mahradja Kaséndra: „Déné poetriné loro, retna Kasimpar kang toewa, retna Djoewita kang enom, kang doewé gadjah poetih kang toewa."

Ardjoena mitoehoe, Kamadjaja moemboel, Ardjoena ladjeng pangkat kapeṭoek poetra Tasikmadoe, ladjeng kapinta sraja, Ardjoena poeroen noenten kabekta. Patih Djajaloekita kinèn roemoehoen angoendjoeki oeninga, sarta kinèn meṭoek titihan, Djajaloekita sigra biḍal, doemoegi salebeting nagari Tasikmadoe, ndjoedjoeg ing régol, tan adangoe wonten para goesti medal, Djajaloekita weling atoer, ladjeng kondjoek sigra tinimbalan. Sareng doemoegi ngadjengan dinangoe, Djajaloekita matoer: „Jèn poetradalem anggèning minta sraja angsal damel, nanging taksih wonten wingking, koela dipoenoetoes moendjoek roemijn, poetradalem moenḍoet peṭoekan."

Praboe Kaséndra ngandika, ingkang poetra kinèn meṭoek. Tan antara ḍatengé ingkang poetra, kang poetra moendjoek jèn angsal-angsalipoen wonten djawi, ladjeng kinèn nimbali. Saḍatengé Radèn Djanaka, dinangoe mring Praboe Kaséndra, Djanaka matoer tijang saking Ngastina, nama Radèn Djanaka; Noelja tinantoen prang kalihan danawa, Djanaka matoer poeroen.

Praboe Kaséndra osik sadjroning wardaja: „Jèn takdoea prang ḍingin, menèk mati éman bagoesé, angoer taktemokna karo anakkoe ḍisik, nadyan matia wis ana toeroené."

Ladjeng binekta kondor angaḍaton.

Adegira ni bok Dèwi Tjlekoṭana lan ingkang poetra Sang dyah Retna Djoewita, noenten sarawoehé ingkang raka, pineṭoek mring Dèwi Tjlekoṭana. Sesampoennja tata lenggah, Radja Kaséndra ngandika mring kang garwa: Jèn wis olèh, olèhé minta sraja, poetra Ngastina djenengé Radèn Djanaka; karepkoe ora takdoe ḍisik, taktemokaké karo anakmoe Retna Djoewita, jèn kowé remboeg.

Dèwi Tjlekoṭana matoer mring kang raka: „Jèn koela boten rembag, jèn sampéjan panggihaken sapoenika, béndjing sesampoening damel kémawon, kasesa poenapa? Oetawi kawona toewin pedjaha; dados poetra sampéjan boten imah-imah kaping kalih."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Praboe Kaséndra ngandika: „Ja bener kowé, akoe kang kesoesoe, nanging wong wis tiba oedjarkoe keprijé? sabda pandita ratoe."

Tjlekoṭana meksa boten kénging, Kaséndra angandika malih: „Lah, wis, jèn kaja mangkono, akoe lilanana baé, taktemokné lan anakkoe Retna Kasimpar baé, idep-idep takgawé panantjang baé ḍingin, djaja oetawa tiwasa wis taktemah, moeng adja nganti lowong sabdakoe baé."

Atoernja Dèwi Tjlekoṭana soemangga kémawon, Praboe Kaséndra ladjeng dj-ngkar, Radèn Djanaka kabekta ḍateng kebon pepoengkoeran.

Adegé Dèwi Retna Kasimpar kalihan ingkang para emban. Tan adangoe sarawoehé ingkang rama, ingkang poetra meṭoek, sawoesnja lenggah, ingkang rama ngandika, ingkang poetra kinèn akrama: „Idep-idep kowé angreboet nagaramoe."

Ingkang poetra tan kénging matoer, mring para selir, noenten pinanggihaken, ingkang rama noelja kondoer.

Kotjap Radèn Djanaka, ingkang kapanggihaken lan Retna Kasimpar, sareng sampoen angsal tigang dinten tigang daloe, katjarita sampoen tjarem, ingkang garwa arsa tinilik sowan mring kang rama, kersa pamit prang; ingkang raji kedah toemoet, Dèwi Retna Kasimpar noelja pinonḍong, ingemban tjinḍé poespita, noelja dènlé-la-léla tinembang toeroe-toeroe laré, kasilir ing samirana noenten saré wonten ing embanan, tandya sinarèkaken ing baboet sarta ḍineseg ing gegoeling. Djanaka mlorod maring dagan, tiningalan ingkang raji mentjorong wedanané, Djanaka asaṇoet ing drija, sarta amegat ing tresna; Djanaka sowan mring kang rama, kang rama kagjat ladjeng ngandika mring poetra Radèn Djanaka. Djanaka matoer njoewoen pamit baḍé prang, ingkang rama angastoeti kersaning poetra sarta Radèn Kaséna kinèn oemiring kangraka, lan Patih Djajaloekita sami boeḍal.

Kotjap pasanggrahan ḍanawa, pepakan lan samantrinira sadaja, ingkang sami dènadjeng-adjeng, rampoenging pangandika Praboe Tasikmadoe. Tanantara dangoe soemerep wedaling gegaman ing Tasikmadoe, sigra pineṭoekaken mring poenggawa ḍanawa. Radèn Kaséna anoelja njoewara: „Koerang sapisan kijé pepanggilé kakang bok, jèn wis kalah pinta srajakoe, goestimoe bandjoer konen ngarak!"

Djanaka lan ḍanawa ladjeng prang, ḍanawa telas pedjah sadaja; Radèn Kasèna ladjeng neteg tengara boebar. Radèn Djanaka njimpang, boten sowan ḍateng kang rama, Radèn Kaséna ingkang kinèn moendjoeka ḍateng kang rama.

Kotjapa madeg Dèwi Tjlekoṭana, moering-moering maring Radèn Ḍjanaka, déné pinanggihaken lan dèwi Kasimpar, ni bok Tjlekoṭana sanget kedoewoengira, maras poetrané jèn kinawajoeh. Tjlekoṭana sigra maring kebon pepoengkoeran, amarani mring Dèwi Retna Kasimpar; sesampoenira doemoegi, Dèwi Retna Kasimpar

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

saweg asaré, Tjlekoṭana sigra dandan, anoelja Retna Kasimpar djinambak; Retna Kasimpar kagjat andjrit, noelja tinekak mring Tjlekoṭana ladjeng sinembelèh, Retna kasimpar pedjah, ladjeng pinendem ing soemoer mati ingoeroegan oewoeh, Tjlekoṭana mantoek dandan, ladjeng angagem ganda wangi.

Genti kotjapa, liman peṭak mirsa, jèn goestiné mati, meta wonten wantilan, rosaning liman: koekoehing djanget pedot, liman loemadjeng ngintar ngoelari Radèn Djanaka, tijang kang kapeṭoek sami adjrih.

Kotjapa Radèn Djanaka ingkang mantoek, Semar, Nalagarèng, Pétroek, oeninga wonten liman meta sami loemadjeng, moeng kantoen Radèn Djanaka. Liman peṭak sigra moeroegi mring ngarsané Radén Djanaka sarta amendak kalih anangis, loehipoen derodosan, jèn ta sageda ngoetjap: „Goesti, koela ngoendjoeki oeninga ing sampéjan, raji sampéjan Dèwi Retna Kasimpar angemasi, dipoentjidra déning iboedjengandika Dèwi Tjlekoṭana, kasembelèh ing ḍoewoeng, samangké dipoenlebetaken ing soemoer; koela sampéjantitihi, koela oeningakaken panggènané raji sampéjan."

Gadjah peṭak telalénira amalelet-lelet soekoené radèn Djanaka, medar telalé ngadeg dinoemoekaken gigirira prijangga, tinon kadya liman njembah. Radèn Djanaka sigra nitih, alon lampahing dirada, sigra loemebèng taman, Semar, Pétroek atoetpoengkoer ḍateng salampahing gadjah ing soemoer pedjah. Liman peṭak moebeng sapinggiring soemoer, sampoen djangkep ping tiga mendak. Djanaka moedoen saking liman, alon djoemeneng, limannja taksih andjeroem, sarta loehira mili, telalé anggajoeh oeroeging soemoer, kinèn angréntjangi Nalagarèng. Pétroek. Setelasing oewoeh, goestiné gilang-gilang moenggèng salebeting soemoer, sigra sinamboet mring ki loerah Garèng. Pétroek nglawani binekta minggah mring anḍa; Radèn Djanaka mirsa, ladjeng sinamboet, dènemban sarta dènaras, ladjeng binekta sowan mring kang rama.

Kotjap adegé Praboe Kaséndra lan ingkang poetra Radèn Kaséna, moendjoek mring rama, jèn djoerité ingkang raka oenggoel, danawa pedjah sadaja; poetra sampéjan dèrèng ngarsakaken sowan, ladjeng mantoek ḍateng taman, Praboe Kaséndra ngandika: „Lajak kaja mangkonoa, wong lagi anjar-anjaran."

Dèrèng antara dangoe ḍatengé Radèn Djanaka, angemban ingkang garwa palastra; ingkang rama kagjat, sigra gènira ndangoe mring kang poetra. Alon atoeré ingkang poetra, moendjoek jèn saking liman peṭak oeninganipoen: „Koela mantoek saking paprangan, kapeṭoekaken ing liman peṭak, ladjeng mandeg ingadjengkoela, sareng koelatitihi, ladjeng ndjoedjoeg ḍateng soemoer pedjah, sarwi amendeg, telalé mboetjali oewoeh saking salebe-

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

ting] soemoer, sarta koelakèn ngréntjangi ḍateng poen Garèng lan Pétroek; telasing oewoeh, poetra sampéjan kepanggih, moegi kaoeningana ing sampéjan."

Praboe Kaséndra nglenggak sarta atebah djadja, waspanira koemembeng, ladjeng ḍawoeh ḍateng emban, para njai toewin para inja, pinepak sadaja; dinangoe mring praboe Kaséndra, para emban ngoendjoekaken pedjahgesang, matoer boten oeninga.

Kaséndra angandika: „Jèn ana ingkang weroeh, ora geḍé ora tjilik, takgandjar wong sidji-sidjiné njatoes, sarta takpengadeg; jèn ketemoe kang matèni anakkoe si Kasimpar, poenagikoe: taksembelèh sarta wetengé takbeḍèl, atiné takganjang."

Tijang alit sami rerep sadaja, tan ana bawané walang asisik.

Kotjap Radèn Djanaka, pedjah angraga soekma, taksih mangkoe ingkang garwa, tan wonten kang oeninga, dipoenwastani lenggah kéwala. Sigra saged panggih soekma sami soekma, noelja soekmané kang garwa pinandjingaken malih, soekmané Ardjoena mandjing prijangga. Dèwi Retna Kasimpar apoerna djati, ladjeng anoengkemi ingkang raka; ingkang rama teḍak saking ḍampar amengkoel ingkang poetra, sampoen dangoe pangrangkoelira, Praboe Kaséndra pinarak ing ḍampar malih, ndangoe mring Dèwi Retna Kasimpar. Ingkang poetra matoer, pedjahé katjidra ingkang iboe; „Koela tilem ladjeng kadjambak, koela kagèt ndjerit, koela ladjeng katekak, dipoensembelèh; sesampoené koela dipoensembelèh, koela boten oeninga."

Bjar sareng mijarsa atoeré kang poetra, Praboe Kaséndra soemoeng-soemoeng kang pranadja, doeka jajah sinipi, sarta nggigit wadja, sigra gènira teḍak angasta talempak, amoeroegi ingkang garwa, Dèwi Tjlekoṭana pinanggih lenggah, poepoerira alelamatan, sindjangira tjinḍé sérédan, kasemekan djingga tinepi, kalihan moetjang. Sarawoehé kang raka, sigra angembat-embat talempak, sarwi asroe ing pangandikané: „Hé, Tjlekoṭana! sanggakna pati oeripmoe, iki dedalané patimoe!"

Tjlekoṭana kagjat alon matoer: „Dosa koela ingkang poendi? Moegi koela sampéjanoeningakaken."

Praboe Kaséndra sendoe pamoewoesira: „Emboeh, ora iḍep, seloesoeren ḍéwé awakmoe, kowé ngrasa apa ora: anjembelèh si Retna Kasimpar, baṭangé kolebokaké soemoer, mara, arep moengkir, moengkira."

Dèwi Tjlekoṭana matoer: „Legané manah koela mawon, sinten kang moendjoek ing sampéjan? Sanget temen remené ḍateng koela, lengar katiban oentjeg koela poenika. Wonten wastaning bijoeng koewalon, boten koela bédak-bédakaké kalih poetra sampéjan poen Retna Djoewita, kantoen boten ngedalaken kémawon."

Praboe Kaséndra ngandika: „Emboeh, takroengoe basamoe, nanging ora takgoegoe."

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Tjlekoṭana ladjeng bijas, alon atoerira: „Inggih, koela kedah sampéjanbélakaken ḍateng poetra sampéjan, inggih koelabélanané, tijang koela sampoen sepoeh, ngoepados pedjah poenapa, jèn koela sampéjanasta pijambak, nanging koela sampéjanlilani oedjoeng sakeḍap, wekas-wekasané koela ngabekti."

Ingkang raji kalilan, Tjlekoṭana ladjeng oedjoeng sarwi matek pengasihan, pangèḍepan djaran gojang. Sesampoenira ngabekti, Praboe Kaséndra lilih ing doekanira, alon pamoewoesira: „Keprijé, Tjlekoṭana, akoe ora koloe deleng roepamoe, ja géné ta, déné nglakoni kaja mangkono?"

Praboe Kaséndra késah moeroegi kang poetra Radèn Djanaka, alon pamoewoesira: „Wis, Djanaka, iboemoe mangsi boḍowa kowé: patiné, akoe wis lila."

Djanaka matoer: sandika; ki loerah Semar tinoedoeh kinèn amedjahana. Atoeré Semar: sandika; sigra mangkat tetijang tiga sami mbekta ḍaḍoeng, aloe, penṭoeng, mara mring panggonané Tjlekoṭana, Tjlekoṭana kagjat moelat, anoelja tetanja. Saoeré Semar: „Dikakaké moenḍoet patioeripmoe."

Tjlekoṭana modjar: „Ora gelem akoe dipatèni sok wonga, kedjaba kangdjeng paran ḍéwé."

Semar modjar: „Gelem ora gelema takpatèni, wong wis sah ing paréntah."

Sigra tinoebroek, Tjlekoṭana mladjeng amapan, amedalaken sétané: ki Topèngrèges, kinèn meṭoekaken Semar; Semar ladjeng kepandjingan, klenger boten émoet, pinidjetan mring Nalagarèng; sétan medal ngalih mring Garèng, noelja genti pinidjetan mring ki loerah Semar lan sinemboer, sétan medal, Nalagarèng, Semar mladjeng ngoengsi mring Pétroek, tinoetoeran jèn binaḍog sétan; ki loerah Kanṭongbolong goemoejoe, ngisin-isin mring Garèng: „Wong lanang apa, teka kena dibaḍog sétan, dadi growong kowé koewé; wis paḍa loenga, takajonané."

Nalagarèng lan Semar sami késah, ki loerah Kanṭongbolong angoendang sétané, djenengé si Kéndo, tinoedoeh kinèn meṭoek mring bangsané; ki Kanṭong oemangsah, prang lan Kloenṭoeng-waloeh, Topèngrèges. Sadangoening prang, sétan kalih kawon, angoengsi mring Tjlekoṭana, toetoer jèn kawon prang lan bangsané. Tjlekoṭana mapan sarta narik patrem.

(Gambar No. 13). Kotjap si Kéndo ngoengsi lan ki Kanṭong-bolong, atoetoer sétané wis mlajoe, nanging wedi bijangané menèk didjamoni; sigra linebetaken ing kanṭong malih si Kéndo. Ki Pétroek sigra oemangsah, sarwi mbekta penṭoeng; Tjlekoṭana angagar-agar patrem, noelja pinonṭoeng wani mring ki Pétroek, kapisanan kénging, ladjeng pedjah; kondjoek koe-wanḍa ladjeng sinaénan.

Praboe Kaséndra pinarak lan ingkang poetra Radèn Djanaka, lan Retna Kasimpar; Djanaka pamit ḍateng kang rama, klilan

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google



GAMBAR No. 13

Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

noelja bidal, ingkang poetra tinoedoeh kang raka, wangsoel sadjawining rangkah.

Sinigeg genti kotjapa, adegé Praboe Ngastina moenggèng pasanggrahan, Sengkoeni, Droesasana moenggèng ngarsa; Sengkoeni matoer kadoeta ngoepados liman petak boten angsal. Praboe Ngastina ngoengoen wardajanira, kèngetan mring kang raji Radèn Djanaka.

(Gambar No. 14). Tan adangoe gègèring djawi, jèn ingkang raji dateng, anitih liman petak, ladjeng kondjoek mring Praboe Koeroepati, Sang Praboe sigra tedak metoek mring kang raji; sareng mirsa jèn kang raka metoek, ladjeng amendakaken liman, Radèn Djanaka mandap saking liman; Retna Kasimpar ingkang teksih moenggèng liman, sigra ngadeg malih kang liman, Djanaka tandya rinangkoel mring kang raka Praboe Koeroepati. Djanaka sigra ngabekti, sawoesnja ngabekti ladjeng kondoer dateng pasanggrahan, ingkang raji rinangkoel kalih loemampah. Sadatengira pasanggrahan ladjeng bodjana kalih kang raji; Sengkoeni kaoetoes angoendjoeki oeninga mring Mandaraka. Saoengkoerira Sengkoeni, ing wingking tata-tata, ladjeng ngarak.

Kotjap Praboe ing Mandaraka, Baladéwa, Ngamarta, Brataséna; Sengkoeni dateng angoendjoeki oeninga. „Pepoendoetan sampoen angsal, kang dirada petak." Goegoep Praboe Mandaraka, Baladéwa toewin Joedistira sami sanéga.

Tan adangoe Praboe Ngastina rawoeh, Salja ndawoehakan animbali kang poetra Dèwi Banowati; Banowati sampoen pinaèsan, sigra ginarebeg sapramèswaranira. Sarawoehé Praboe Soejoedana, Dèwi Banowati pinetoekaken, kinèn ladjoe loemebet ing prabajasa; ingkang kantoen Praboe Mandaraka, Baladéwa, Ngamarta, Brataséna, moenggèng pandapa, ladjeng bodjana pitoeng dinten pitoeng daloe. Atantjep kajon.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

5. Poenika lampahan Alap-alapan Droesilawati.

Adegipoen Ratoe Ngastina, Sengkoeni, Droesasana; ingkang ginoenem damelé ingkang raji Dèwi Droesilawati, baḍé katrimakaken ḍateng poetra ing Banakeling Radèn Tirtanata. Kasaroe kalebetan pandoeng, poetri ingkang binekta, mbobok pager bata tjepoeri troes lan pager boemi djawi, bolongira sagadjah.

Sengkoeni, Droesasana dinangoe gènira ngloeroeh pandoeng, oendjoekipoen Sengkoeni nelas, noeroet pasisir boten pinanggih; ladjeng animbali Adipati Ngawangga, ḍinawoehan kinèn amadosi mring Droesilawati, Karna matoer sendika, kinanṭénan mring Sengkoeni sarta para Koerawa. Karna, Sangkoeni ladjeng lèngsèr.

Noenten kaḍatonan, Dèwi Banowati saoendoeré ingkang raka, noelja winartanan, jèn ingkang raka Adipati Ngawangga ingkang dèn oetoes, sarta arja Sengkoeni, angoelarana mring Droesilawati; ladjeng boebaran.

Kotjap pasèban djaba, Karna, Sengkoeni, Droesasana, Koerawa gangsal, sasampoenira saḍija pepak, ladjeng boḍol.

Sinigeg genti kotjapa, ing nagara Siloeman, Radja Kalawerdati kalih emban Wéwégidrah. Ingkang ginoenem anggènira ngimpi, pinanggih lan Dèwi Droesilawati, ing Ngastina nagaranira; ladjeng amidji poenggawa, awasta kjai Kempana, binektanan serat kinèn mring nagari Ngastina; Kempana mesat boḍol samantrinira.

Sinigeg genti kotjapa, adegé Praboe Ngamarta lan Brataséna, Nangkoela, Sadéwa. Ingkang ginoenem késahé Radèn Djanaka, ndangoe lampahé poenggawa Ngamarta. Atoernja Werkoedara: tan ana kang angsal karja. Joeḍiṣṭira ngandika mring Brataséna kinèn ngloeroe prijangga; Brataséna mitoehoe, pamit noelja mangkat, lampahira medal ing wana sarta ingiring déning bajoe.

Sinigeg genti kotjapa, gara-gara adegé Semar, Garèng lan Pétroek; sesampoenira gegoedjengan, adegé Radèn Djanaka moenggèng satengahing wana. Semar matoer: goestiné kinèn kondoer, Ardjoena tan arsa, arsa doegèkaken anggènira ndjadjah wana, koewangkoengen wonten sadjroning nagara, noelja ladjeng, Semar, Garèng lan Pétroek atoet poengkoer.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY



GAMBAR No. 15.

Original from CORNELL UNIVERSITY
Digitized by Google
Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Kotjap adegé danawa parepatan, ingkang kèndel wonten samadyaning wana; sadangoenira apotjapan, ḍatengé ki ḷoerah Togog, matoer jèn wonten satrija langkoeng, noelja tjinegatan ladjeng prang, danawa kawon. Djanaka sajah, ladjeng saré sesènḍèn moenggèng kajoe kenḍajakan, abdi tetiga kinèn toenggoe. Saking mandining sesirepira gadjah, Semar saanaké samja toemoet toeroe. Tanpantara liman peṭak langkoeng, sarta nggènḍong poetri Retna Droesilawati, langkoeng ngiringané Radèn Djanaka. Dèwi Droesilawati awas tingalira, mirsa kang raji ing Madoekara, ladjeng bineloek sinambat ing tangis. Djanaka lir pinetik talinganira, ladjeng woengoe nggoegah abdi tetiga: „Moelané kowé paḍa dakgoegah, sadjroning toeroe akoe kroengoe wong nangis beloek-beloek menjang akoe, sarta weroeh ing djenengkoe."

Boten dangoe mireng malih swaraning tangis asesambat alamat-lamat, noelja kinèn mriksa mring ki loerah Semar. Pratéla tingaling Semar, jèn poetri binekta ing liman, sigra matoer mring Radèn Djanaka, noelja tinoetoetan. Sareng mawas tingalira, jèn ingkang raka Droesilawati, Djanaka sigra moemboel, kang raka rinebat, liman peṭak kagjat sigra nolèh, asroe modjar: „Kowé ikoe wong apa, teka wani ngreboet gegawankoe?"

Djanaka soemaoer: „Moelané dakreboet, kijé sanakkoe."

Liman peṭak modjar malih: „Takdjaloek koewé, awèh ja takdjaloek, ora awèh ja takdjaloek, boedi taksembadani."

Ladjeng prang, dirada mbeḍol wreksa, rikat Radèn Djanaka asiḍakep saloekoe toenggal, anoetoepi babahan hawa sanga, tanpantara angin kang ḍateng, Sang liman binekta ing prahara, ladjeng kaboentjang: sirna. Droesilawati binekta mantoek mring nagari Ngastina.

(Gambar No. 15.) Sinigeg genti kotjapa, barising Koerawa: Karna, Sengkoeni, Droesasana, Djajawikaṭa. Sadangoening pirembagan, angoepados poeroeg, saḍatengé Radèn Tjitraksa, toer oeninga mring Sengkoeni mirsa, jèn Radèn Djanaka loemampah, nḍèrèkaken Dèwi Droesilawati; Koerawa manahira koemepjoer sadaja, anjana jèn binekta mring Djanaka, sigra kinèn ngepang para Koerawa. Karna mara ingarsa sarta atakèn anggènira Ardjoena mbekta mring Sang retna. Ardjoena matoer mring Karna: „Kekajalan ḍateng wana, soemerep kakang bok Droesilawati kabekta dirada peṭak, ladjeng koelarebat, dipangga kawon, koelalepasi barat ladjeng sirna."

Dipati Ngawangga nggraita, kanjina jèn ingkang raji awon, angiwat kawaspadan; Droesilawati karoemijinaken, Karna maksih kantoen, Koerawa sakawan angimoer Radèn Djanaka, sinamoi kalih ḍeḍaharan. Sareng kalimpé Radèn Djanaka tinoebroek, ladjeng

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

binesta ing tjindé poespita; Djanaka noeroet kémawon, sarta matoer mring kang raka Adipati Karna: „Koela boten ngraos dosa, koela teka sampéjanbesta, sampéjanoeningakken ing awonkoela?"

Karna mangsoeli: „Teka soemelang, pindogawé 1) si adi koewé, rasa pangrasa, si adi koewé apa ora dirasakaké, apa ana wong dibanda tanpa dosa, diteloesoera dèwé saselané igané, soewé-soewé katemoe; si adi koewé sanak-betjiké, alané: ja dilakonana dèwé, jèn benera tindaké si adi, doeroeng karoehan, doewé karep menjang Droesilawati, lah, bok ditemboeng sangkaning aloes, éwoeh apa menèk akoe bisa ngréwangi."

Ingkang raji ladjeng kèndel, noelja bodol binekta mring nagari Ngastina.

(Gambar No. 16). Sinigeg genti kotjapa ngadeg nagari Ngamarta, Poentadéwa Brataséna, Pintèn Tangsèn. Kang ginoenen késahé Radèn Ardjoena; Sang Poentadéwa ndangoe mring Brataséna. Brataséna modjar: „Ora roemasa reboet soewala karo adimoe, akoe, loenga teka karepé dèwé."

Sadangoening potjapan, datengé ki loerah Semar lan saanakira, matoer mring Praboe Joedistira: „Jèn raji sampéjan dipoentjepeng kalih tijang Ngastina, malah kabesta ing tjindé poespita."

Semar dinangoe ing poerwanira, matoer poerwanira tekèng woesana; ladjeng Joedistira ngandika mring Brataséna, tinoedoeh ngloeroe mring kang raji: „Sanadjan mati, jèn moedjoer patiné, moeng batangé baé soewoenen."

Brataséna ladjeng mangkat, Semar, Garèng lan Pétrock oemiring; lampahing Brataséna ingiring déning bajoe.

Sinigeg genti kotjapa, adegé Praboe Ngastina, datengé Dèwi Droesilawati, gja dinangoe, Droesilawati matoer, jèn binekta gadjah petak: „Koela karebat raji sampéjan ing Madoekara raji sampéjan wonten wingking, dipoeniringaken kakang Adipati Karna."

Koeroepati ngandika, ingkang raji kadawoehan malebet kadaton, salebeté Dèwi Droesilawati, datengé Adipati Ngawangga, ladjeng tinimbalan, bestan katilar ing djawi. Koeroepati ngandika mring kang raka; Dipati Ngawangga matoer, angatoeraken bebestan, ingkang ngiwat Droesilawati, ingkang raji ing Madoekara pijambak.


---

1) Ingkang sampoen limrah kaseboet: mindogawèni, ambasakaken samoekawis ingkang ngaping kalih damel. Kaseboet salokaparibasa „Winter." paribasan ingkang makaten poenika saèmper kados: merangi tatal. Toemrap ing tijang ngaping kalih damel boten mikantoeki: dados kènging oegi kaibarataken ing tijang ingkang tetakèn ingkang sampoen dipoensoemerepi kados déné inginggil waoe.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google



GAMBAR No. 16.

Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Praboe Koeroepati ngandika malih: „Djaré digawa gadjah poetih, toetoeré Droesilawati, Djanaka kang ngreboet."

Dipati Ngawangga matoer: „Si Droesilawati makaten, atoeripoen poenika saking welasé ḍateng Djanaka, koela doegi sampoen ketikan."

Djanaka ladjeng tinimbalan, saḍatengé ngarsaning kang raka, Djanaka dinangoe: „Apa ija, kakangmoe kogawa? blakaa baé, adja kowé goroh; jèn kowé ḍemen karo kakangmoe bandjoer daktemokaké, adja keparan doh."

Djanaka matoer: „Kakangbok binekta ing liman peṭak, koela tilem wonten satengahing wana, salebeting tilem koela mireng sambaté kakangbok, koela kagèt. Sareng koelatingali, liman peṭak nggéndong ḍateng kakang bok, koelatoetoeti, koelarebat, liman koelalepasi barat ladjeng itjal; koela noenten kepeṭoek kalih kakang Ngawangga, atoerkoela inggih makaten, noenten raji sampéjan karoemijinaken, koela ing wingking tjinepeng, amoeng poenika atoerkoela."

Praboe Koeroepati ngandika mring kang raji Madoekara: „Jèn kowé blaka: takloewari, sarta taktemokaké, jèn kowé ora ngakoe: takgeḍong.

Djanaka moendjoek: „Soemangga, sampoen ingkang sampéjangeḍong, sampéjanpedjahana soemangga."

Ladjeng kaḍawoehan nglebetaken ing geḍong, boten kalilan kasoekanana latoe sapelik, toewin toja satètès oegi pinatjoehan; ladjeng bibar, Djanaka mandjing geḍong peteng.

Kotjapa kang wonten kapoetrèn, Dèwi Droesilawati, sareng mirsa ingkang raji kalebet pasakitan, Sang Dèwi koemembeng waspané, angoenandika Dèwi Droesilawati: „Ja géné, kakang Praboe, kok mangkono karsané, aḍikoe wong ḅetjik-betjik temen, jèn kelakona toemeka ing pati, pangrasané apa ora takbélani, poeloeh akoe lakia, wong tombok sadoeloer, olèhkoe golèk ngendi, kaja aḍikoe si Djanaka, mantepé olèhé doewé sadoeloer menjang akoe; akoe teka diarani diiwat menjang aḍikoe si Djanaka, jèn matia mati said."

Emban Wéwé-gidrah sampoen dangoe wonten wingkingé Dèwi Droesilawati, nanging datan wonten kang oeninga, emban Wéwégidrah atas pamjarsané, ladjeng anjoewara Wéwégidrah: „Adja kari kélangan, poetri dakgawa."

Ladjeng binekta moemboel, gègèr salebeting kaḍaton.

Kotjap adegé Praboe Koeroepati lan Brataséna, Patih Sengkoeni; Koeroepati tanja mring Brataséna, Brataséna soemaoer: „Ana gawékoe, lakoekoe iki ngloeroeh menjang aḍimoe si Djanaka, djaré katjekel ana kéné, ikoe keprijé poerwané?"

Koeroepati modjar: „Moelané taktjekel, kakangané diiwat, ketjanḍak ana ing dedalan, saiki wis taklebokaké ing geḍong,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

akoe arep toetoer karo si adi, kepasang jogja si adi wis teka dewé, keprijé ta karepmoe?"

Brataséna modjar: „Kakang Koeroepati, apa doemèh sadoeloer, betjiké: sanakkoe; jèn ala baoekoe kiwa, baoekoe tengen ja daksempal, akoe ndjedjaloek menjang kowé; jèn sida kopatèni, si Droesilawati takdjaloek, akoe kang matèni, si Djanaka kowé kang matèni."

Praboe Koeroepati aris anggènira ngandika: „Lah, ikoe ora, adi, sekaro-karoné takapoera, takkapokaké baé, nanging adja manèh-manèh."

Brataséna modjar: „Wong ala diwelasana, mangsa betjika."

Saoeré Koeroepati: „Jèn pada sardjoené, dakdaoepaké; nanging adimoe si Djanaka doeroeng ngakoe."

Dèrèng dangoe sawedalé para goesti angoendjoeki oeninga: jèn ingkang raji kabekta ing pandoeng, nanging ponang pandoeng datan katingal, namoeng soewaranipoen danawa èstri, Sang poetri kabekta moemboel Droesilawati. Praboe Ngastina goegoep galihé, ingkang raji ing Madoekara kinèn angloewarana; ladjeng kawedalaken saking gedong Radèn Djanaka. Praboe Ngastina moendoet ambengan dahar, ingkang raji Pamenangan linarihan anggoer, ingkang raji Madoekara oegi linarihan, ladjeng dahar kemboel, Koeroepati, Brataséna Djanaka, Sengkoeni lan Droesasana.

Sesampoenira daharan, Praboe Koeroepati ngandika mring Radèn Djanaka: „Kowé wis takapoera saloepoetmoe, nanging kakangmoe golèkana, ilang ginawa maling maoe bengi."

Radèn Ardjoena matoer: „Sandika, nangin koela njoewoen kanti tijang satoenggal kémawon, badé pangantèn ingkang koelasoewoen.

Radèn Tirtanata noeli tinimbalan, dinawoehan mring Koeroepati: kinon miloe sabajapati mring Ardjoena. Djajadrata matoer sandika, ladjeng mangkat sakalihan, Brataséna kantoen.

Sinigeg genti kotjapa, Radja Goewasiloeman, sadatengé emban Wéwégidrah, angatoeraken poetri Dèwi Droesilawati, kawedalaken saking tjoepoe, sawedalé noeli linebetaken maring kadaton. Sadatengé Radèn Ardjoena lan arja Djajadrata boten katingalan, Semar, Garèng lan Pétroek datan kantoen. Lebeté Praboe Kalawerdati arsa mondong mring Droesilawati.


Kotjap salebeting kadaton, Ardjoena pinanggih Droesilawati, kang raji noeli tinangisan, sireping tangis kang raka winadahan ing sesoepé. Djajadrata kan metoekaken lan Praboe Kalawerdati, ladjeng Perang; Praboe Kalawerdati kawon ladjeng pedjah sabalané. Dèwi Droesilawati ladjeng kabekta mantoek mring Ardjoena lan Djajadrata.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Ngadeg Praboe Koeroepati lan Brataséna Sengkoeni lan Droesasana; kang ginoenem lampahé kang raji Radèn Djanaka, jèn boten ḍateng sapeken, Brataséna arsa noesoel.

Tan adangoe ḍatengé Radèn Djanaka lan Djajadrata, angatoeraken Dèwi Droesilawati. Dinangoe anggènira pinanggja, Ardjoena matoer: „Kaḍoesṭa danawa Radja ing Goewasiloeman, Sang Praboe Kalawerdati; Radja sampoen pedjah sabalanipoen, kang medjahi Radèn Djajadrata."

Praboe Koeroepati dahat ing soekanira, pinengkoel-pengkoel kang raji ing Madoekara, Droesilawati gja kinèn loemebèng kaḍaton.

(Gambar No. 17) Kotjap gègèring djaba, katoer wonten liman peṭak ngamoek, sigra kaḍawoehan ngaroewat, rinampog ing gegaman tan ana kang toemama, Koerawa Ngastina baledoeg, Sengkoeni Doersasana keplajoe, Karna oemangsah tinelalé ing liman, kaserakat winasoeh ing liman nanging datan pedjah, gja Brataséna tefoeloeng, liman ginada pedjah. Panggih Dèwi Droesilawti lan Djajadrata. Noelja atantjep kajon.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

6. Poenika lampahan Pandawa doelit.

Adegipoen Ratoe Ngastina, Sengkoeni, Droesasana; kang ginoe nem pedjahé Brataséna, linebetaken ing soemoer Djalatoenḍa. Sengkoeni kaoetoes ḍateng Ngamarta, animbali Darmakoesoema, Ardjoena, Pintèn Tangsèn, Sengkoeni mangkat; noenten kaḍatonan, boebaring kaḍatonan pasèban djaba, boḍolé Patih Sengkoeni.

Sinigeg genti kotjapa, adegé Ratoe Ngamarta, Ardjoena Pintèn Tangsèn; ingkang ginoenem panggihé Dèwi Droesilawati. Ardjoena mantoek pijambak, ingkang raka Radèn Brataséna taksih kantoen wonten ing nagari Ngastina. Sadangoening potjapan, ḍatengé Patih Sengkoeni, ladjeng dipoenatoeri; sapanggihé lan Darmakoesoema, Sengkoeni ladjeng nḍawoehaken, jèn Sang Praboe Ngamarta sakadangé ingandikan, ladjeng boḍol.

Kotjap malih adegé Praboe Ngastina lan Droesasana; ḍatengé Patih Sengkoeni, moendjoek jèn ingkang raji kapoṇḍongan sadaja, ladjeng tinimbalan. Saḍatengira ingarsa, Praboe Ngastina ngandika mring Praboe Ngamarta, jèn kapasrahan nagara sapalih: „Déné aḍimoe si Brataséna lagi dakkongkon, nggolèki sarat adeging kaprabon; déné si aḍi dakwènèhi pagawéan ḍisik, dadia tanḍa ana ing pasar geḍé, iḍep-iḍep bari ngentèni tekané si Brataséna. Déné si Djanaka takwènèhi panggawéan adol endjet, sarta takkoewasakaké, saroepané kakang-kakangmoe kabèh kang dojan nginang, paḍa toekoea endjet menjang kowé, sing ora toekoe menjang kowé larangana."

Ardjoena mitoehoe; Pintèn Tangsèn sinoekanan pandamelan angon ménda lan kambangan, ladjeng boebar.

Kotjap Radèn Pintèn Tangsèn ingkang angon ménda lan kambangan, katjarita keloewèn, ladjeng loemebet kaḍaton medal poengkoeran, panggih lan Banowati, ingkang raji ginematénan, Pintèn Tangsèn sami neḍa. Saoendoeré Praboe Koeroepati, mirsa jèn kang raji kalih sami neḍa, ladjeng kadjambak kalih pisan sarta gineboegan, Pintèn Tangsèn males, Koeroepati sinamploek kikil, Koeroepati kelengger, Pintèn Tangsèn loemadjeng ḍateng Katanḍan.

Sinigeg genti kotjapa nagara Banakeling, Djaradrata lan Droesilawati karsa tetoewi ingkang raji, Radèn Djanaka, ingkang waḍé endjet, mbekta ḍeḍaharan kalih djoḍang.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

GAMBAR No. 18.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Kotjap Radèn Djanaka ingkang wadé endjet, mawi palawangan jèn tetijang pidak kang toembas endjet, wangkit bodjon mantri panèwoe, sinampoenan mring ki loerah Kantong-bolong, toembas endjet soekoe, sadjampel, saréjal, saketon, sinoekanan sapawèhé tan kena nganjang: jèn bodjo santana pijambak pinanggihan déning Radèn Djanaka. Noelja datengé Radèn Djajadrata lan Dèwi Droesilawati, pinanggihan mring Radèn Djanaka; sasampoenja binagèkaken, Droesilawati ngandika mring kang raji, bilih Sang Retna toembas apoe gangsal keton, tinampèn mring ki loerah Semar; Djajadrata sipeng angsal sadaloe kalih kang garwa, ladjeng sinegah mring kang raji.

Kotjapa Sengkoeni, Koerawa pepak sadaja, remboegnja Sengkoeni, badé ngringkes mring Katandan; Koerawa rembag sadaja, daloe ladjeng bodol, wantji djam lingsir daloe boedaling Koerawa.

Kotjap adeging Katandan kalihan bodjonipoen ki loerah djagal, datengipoen wonten ingrikoe, ngatoeri antoek-antoek, sekoel oelam sadjodjang, dedaharan sadjodjang, kalih mbekta patadahan isi kampoeh, paningset tjelana, doewoeng sapoet kadjeng. Poerwanira ngatoeri antoek-antoek, anakipoen djaler sakit sanget, mèh dados doedoenipoen, kadjampèkaken mrika-mrika boten saras, njai Djagal adarbé nadar: „Sok wontena ingkang njarasaken, koela pangadeg sarta koela ngèngèraké, dermi koela anak-anak."

Darmakoesoema angling alon: „Ja taktampani loewaring nadarmoe, sawisé mangkono anakmoe gawanen moelih, emongen, sarta dodot tjelana saboek keris, ikoe takwènèhaké menjang anakmoe kang doewé."

Atoeripoen njai Djagal: „Inggih sanget panoewoenkoela."

„Sarta gegawanmoe rong djodjang koewé slametna ana ngomahmoe, oendang-oendangna mager sarimoe, sarta akoe awèh patoekon banjoe patang keton."

Njai Djagal pamit mantoek ladjeng kalilan. Saoengkoeripoen njai Djagal Darmakoesoema pinarak pijambak, wantjinipoen tengah daloe, sareng lingsir daloe datengipoen Koerawa tanpa bala, Droesasana ingkang loemebet roemijin, sigra pinanggihan.

Droesasana modjar mring Darmakoesoema: „Ngemban timbalané kakang Praboe Ngastina, dikakaké moendoet pati oeripmoe."

Atoernja Darmakoesoema: „Inggih soemangga.

Sigra Droesasana narik tjoeriga, sareng arsa ginotjo djadjanira, Droesasana aniba, maripatira amlepoeh, gelasaran neda apoera: „Wis kapok ora manèh-manèh;" sigra moendoer.

(Gambar No. 18). Radèn Sroetajoe oemangsah lan Sroetajoeda, sareng narik tjoeriga Darmakoesoema arsa tinaradjang: sareng niba kekalihnja, loempoeh samja brangkangan, temboengnja neda apoera, ladjeng ingapoera mring kang raji; Sroetajoeda Sroetajoe ladjeng moelja, moendoer apirembagan. Sengkoeni Koerawa sadaja rembag kinarojok ing katah, sanadjan wontena ampoehané,

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

sinangga kaṭah, majar. Koerawa sigra mangsah sareng, medal ngadjeng ngiringan poengkoer; sareng anggènira narik tjoeriga, sareng mèh doemoegi Koerawa loempoeh sadaja, wonten ingkang mamar wonten ingkang tjadok, Sengkoeni wonten djawi mèntjrèt, Koerawa samja neḍa apoera sadaja.

Darmakoesoema aris modjar, angsoeng pangapoera ingkang raka-raka sadaja, Koerawa ladjeng moelja sadaja, noenten sami medal panggih lan Sengkoeni, Sengkoeni boten saged medal, ngrèwèk kémawon.

„Koerawa modjar mring kang paman, jèn Darmakoesoema boten kénging pedjah, ageng welakipoen, poetra sampéjan kaṭah ingkang kaparag, koela poenika waoe neḍa apoera: toedjoe sarasa."

Sengkoeni modjar: „Akoe iki djaloekna apoera, djadjal apa lara teka kono, apa teka ngomah."

Loemampah Radèn Tjitradarma, nemboeng mring Darmakoesoema.

Darmakoesoema modjar mring Tjitradarma angatoeraken panalangsa: „Paman Arja Sengkoeni moegi ginandjara moelja."

Sengkoeni ladjeng saras, saḍatengé Tjitradarma Sengkoeni sampoen saras, Koerawa rembagan ladjeng boeḍal, ndjoedjoeg ing Plasadjenar, ingkang rinembag angoepados gegaman, ingkang saged medjahi mring Darmakoesoema. Tjaroetjitra oematoer mring Sengkoeni, angatoeraken tetilarané Radèn Brataséna: gada loekita waḍana sari.

Sengkoeni Droesasana sakalangkoeng anggènira rembag, baḍé dipoenben koemba. Koerawa sigra boeḍal amoeroegi panggènaning gada.

Kotjapa gada ingkang kantoen wonten pasében kidoel, soeméndé ing elo, kotjap wonten ingkang mbaoe reksa lelembat awarni danawa, awasta poen Baṭangsidalantjang, ingkang nengga satilaré Brataséna.

Kotjapa saḍatengé Koerawa, Baṭangsidalantjang mirsa jèn gada baḍé kabekta, sigra ginéndolan, saḍatengé Koerawa sigra angangkat gada, kinalihan dipoensakawani: gada sampoen boten kangkat, dipoenbjoek Koerawa sadaja boten kangkat, sigra moendoer ḍateng kapatihan; sareng doemoégi kapatihan sigra anggènira anoedoeh Koerawa kekalih kinèn mintasraja, angoelari ingkang koewawi ndjoendjoeng gada, jèn angsal dikakaké mbekta: „Apa sapandjaloeké toeroetana." Mangkat Koerawa kekalih.

Sinigeg genti kotjapa ing Saptapratala: Baṭara Antaboga, ginoebel ingkang poetra Dèwi Nagagini, toetoer ing soepenanira, ingkang raka Radèn Brataséna katingal anganggé sarwa djingga, anitih peḍati ambjoer ing sagara. Osiké Hjang Antaboga ingkang poetra katjipta, jèn sakit sanget; Antaboga ladjeng késah, ingkang djinoedjoeg ing soemoer Djalatoenḍa.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

GAMBAR No. 19.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

Sinigeg genti kotjapa, Radèn Brataséna ingkang linebetaken ing soemoer, poerwanipoen dipoenendemi, sareng satengahing pedjah noenten dipoenrerampa kalebetaken ing soemoer; saking lebetipoen soemoer ḍawahira bebaloeng rempoe; Brataséna pedjah boten, ḡesang boten, gereng-gereng tan oeninga rinten daloe. Boten dangoe ḍatengé ingkang rama Baṭara Antaboga, lamboenging soemoer menga, noenten katingal mantjorong makòeṭané ingkang rama, Brataséna mawas tingalé jèn ingkang rama Baṭara Antaboga. Sareng mirsa ingkang poetra Baṭara Antaboga ngoengoen; Antaboga alon anggènira tanja mring kang poetra, atakon ing poerwanira.

Brataséna alon modjar atoetoer poerwanira: „Déné akoe didjak mangan énak marang kakangkoe si Koeroepati, satemoené si kakang Droesilawati karo si Djajadrata, dikon ngentèni patang poeloeh dinané, si Djanaka wis moelih ḍingin, noeli akoe didjak kembongan; bareng akoe wis mendem ora iḍep nèk djeboel kéné, awakkoe rempoe kabèh: ora bisa ngadeg."

Antaboga sigra amenḍet lisah sangkal poetoeng, sigra linisahan, Brataséna moelja kados wingi oeni, ladjeng binekta kondoer mring kajanganira; saḍatengé Saptapratala ladjeng kiñèn panggih lan ingkang garwa, Antaboga wonten djawi, antawis kalih djam ḍatengé para njai, angoendjoeki oeninga jèn ingkang poetra paben: „Ingkang raji dipoenpala, jèn boten sampéjantoeloengi pedjah!"

Antaboga sareng mirsa atoering emban, goemoedjeng latah-latah, ngandika mring para njai: „Wis teka tontonen baé, wis adaté, ja ikoe olèhé pangantènan goestimoe"

Para njai ladjeng sami getoen.

(Gambar No. 19). Boten dangoe saḍatengé ingkang poetra sakalihan, Brataséna pamit moelih: „Atikoe ora kepènak, sadoeloerkoe kang kari kaprijé?"

Antaboga modjar, ingkang poetra tinoetoeran: „Sapoengkoermoe kakangmoe ditimbali, aḍimoe si Ardjoena, Pintèn Tangsèn, tekané ana Ngastina, diaring-aringi nagara saparo, déné kowé, Brataséna, diawataké dikongkon golèk saraté kaprabon; kakangamoe si Poentadéwa digawé tanḍa ana ing pasar geḍé, ja pakoné kakanganmoe; déné si Pintèn Tangsèn dikon angon bèbèk karo weḍoes, kakangamoe si Poentadéwa kang diringkes ḍisik menjang Koerawa Ngastina kabèh, nanging isih dialingi menjang déwané; tinggalanmoe gada arep diparakaké menjang kakanganmoe, kang soeménḍé ana ing paséban kidoel, Koerawa ora ana kang kelar ngangkat, disepoeloehi, dirongpoeloehi meksa ora kangkat, saiki noedoeh Koerawa loro, dikon amèk sraja, sing kelar ndjoendjoeng gadamoe digandjar didadèkaké boepati, ora ana sing kelar, kadjaba kowé ḍéwé. Kowé mentasa menjang martjapada: akoe kang awèh dalan, ḍèk dalanmoe kowé mentas diobong balé sigalagala, kowé taksalini roepa dadia botjah tjilik, botjah badjang:

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

roepamoe tjilik nanging pinter. swaramoe isih lawas, djenenga si Bondan Peksa Djandoe, déné gadamoe ana sing ngreksa djeneng Batangsidalantjang. koewé sing nggondèli gadamoe; déné kowé mengko jèn wis mentas noeli kepapag kongkonané kakanganmoe Koerawa loro, kowé dikebat tetakona: arep menjang endi parané lan arep apa, jèn kaja toetoerkoe mangkéné, sanggoepara."

Bondan Peksa Djandoe mangkat medal soemoer poen Djalatoenda, kang rama ngoentapaken; boten kangélan timboelé Bondan Peksa Djandoe, noenten ngantjik daratan bawéra tingalé, ningali soerja tjandra, étja anggènira loemampah; kepetoek lampahing Koerawa kekalih, sigra anggènira ngandeg.

Koerawa kalih kagèt, Koerawa kalih tanja mring botjah badjang: „Kowé botjah ngendi teka kemaki, dedegmoe tjilik, oelatmoe wis kaki-kaki, roengonmoe gedé."

Kang tinanja soemaoer: „Akoe ora doewé omah ora doewé bapa, ora doewé bijoeng, djenengkoe Bondan Peksa Djandoe; kowé ikoe prijaji ngendi lan arep apa?"

Koerawa kalih modjar: tinoetoeran jèn mintasraja nggolèki kang kelar. ndjoendjoeng gada tinggalané si Brataséna. Bondan Peksa Djandoe njanggoepi.

Koerawa kalih njentak mring botjah badjang: „Gedéné sapira gada koewé, apa koarani tjilik?"

Peksa Djandoe modjar: „Abot endi karo watoe sadjembangan koewé, mara tak djoendjoengé."

Sigra djinoendjoeng dènoemboel-oemboelaken kinarja tjantèng. Koerawa kalih sami djomblong, ladjeng binekta mring kapatihan.

Adegnja Sengkoeni, koerawa Droesasana, sadatengé koerawa kalih, moendjoek jèn angsal mintasraja, ladjeng ingoendjoekaken, dinangoe mring Sengkoeni, Bondan Peksa Djandoe tinanja mring Patih Sengkoeni: „Kowé botjah ngendi, karo sapa djenengmoe?"

Soemaoer Bondan Peksa Djandoe: „Akoe ora doewé pinangka, botjah kandang langit kemoel méga 1) djenengkoe Bondan Peksa Djandoe."

Sengkoeni modjar: „Kowé kelar djoendjoeng gada, tinggalané si Brataséna, jèn kowé kelar takdadékaké boepati."

Bondan Peksa Djandoe datan arsa, aminta nagara saparo. Sengkoeni sagah, ladjeng dènirid mring pasowan kidoel, ingiring koerawa sadaja. Sareng doemoegi pasowan kidoel, kaoeningakaken panggènaning gada, gada sigra tjinelekan mring Peksa Djandoe. Batangsidalantjang amawas tingalé mring Bondan Peksa Djandoe, sarta mambet gandané, boten soepé jèn goestiné, mantoen ang-

1) Kadjarwakaken ing serat saloka pariba-anipoen toewan Winter: tijang ingkang boten sarawoengan kalihan tijang katah.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

GAMBAR No. 20

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

gènira nggondèli gadanira. Bondan Peksa Djadoe sigra anggènira ngangkat gada, djinoendjoeng tangan sadjoega, ingoemboelakan [illegible] tinadahan asta. Koerawa ndjomblong sadaja, sarta osik ing drija: „Golèka botjah sadoenja mangsa olèha."

Sengkoeni sigra modjar, Bondan Peksa Djandoe kinèn medjahi, ladjeng dènbjoek koerawa katah.

(Gambar No. 20). Bondan Peksa Djandoe babar warni Bratasèna ladjeng aprang sampak, gada ngamoek pijambak, koerawa boebar loemebet kadaton, Koeroepati ngoengsi, ladjeng pra Pandawa nglempak.

Atantjep kajon.

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY

NAMANING PANGARANG.	NAMANING SERAT.	REGI.
Dean Swift.	Lelakoné Gulliver.	*f* 1.20
R. Kartawibawa.	Gagasan prakara tindaking ngaoerip.	„ 0.50
Dr. Sardjita.	Ngèlmoe kawarasan.	„ 1.—
K. H. Soebrata.	Kadadéané mim teteloe.	„ 0.20
Dr. B. Vrijburg.	Bab nangkaraké radjakaja I.	„ 0 75
M. Moedana.	Lampahan ringgit poerwa.	„ 0.50
R. S. Martaatmadja.	Tjatoer toenggil.	„ 0.90
A. Dwidjaatmadja.	Resi Boeddha.	„ 0.50
Dr. F W. van Haeften.	Sesakit èstri.	„ 0.14
B. Sarwana.	Sandi oekara.	„ 0.25
R. Kartaasmara.	Pakem paḍalangan ringgit poerwa lampahan rabinipoen R. Soerjatmadja.	„ 0.80
—	Lelara Influenza.	„ 0.25
K. M. A. Soerjaadikoesoema.	I. Lajang koepija.	
Kamsa.	II. Serat pitakènipoen pak Krama.	„ 0.60
Reksasoesila.	III. Dajaning arak.	
R. B. Soelardi.	Serat Rijanta.	„ 0.55
H. R. M. Soejoed.	Deḍasaraning wewatekanipoen manoengsa.	„ 1.50
—	Serat Pranatjitra.	„ 0.80
Gambèr S. Sr. Prajitna.	Barès-koerès.	„ 0.25
R. Boedidarma.	Serat tjarijosipoen Sang Praboe Soebrata.	„ 0.45
Sasrasoedirdja.	Baléwarna.	„ 0.35
J. Kats.	Bab panjegahing minoeman keras.	„ 0.80
Soekir.	Abimanjoe kèrem.	„ 0.75
R. Boedidarma.	Darmawirja.	„ 0.20
Djakoeb c. s.	Enoet genḍing sléndro.	„ 0.50
M. Nitisastra.	Serat Djajaprana.	„ 0.25
R. Kartawibawa.	Mardi tani.	„ 0.65
Jitnasastra.	Késah lajaran ḍateng poelo Papoewah.	„ 0.45
R. M. Kartadirdja.	Toehoening katresnan.	„ 0.20
R. Siswawinata.	Margining kaoetamèn.	„ 0.50
J. Kats lan Tjakradibrata.	Babadipoen Panḍawa.	„ 6 —
M. Natatenaja.	Panganḍar bab ngingah tawon.	„ 0.20
Idajat Mangoendirdja.	Pratikelipoen tijang nenanem wonten ing pakebonan.	„ 0.60

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY



Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google
Original from CORNELL UNIVERSITY

Gaylord
PAMPHLET BINDER
Syracuse, N. Y.
Stockton, Calif.

OLIN LIBRARY – CIRCULATION

DATE DUE

APR 20 91

GAYLORD PRINTED IN U.S.A.

RLG EXCLUDE

Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google

Digitized by Google

Original from
CORNELL UNIVERSITY


Generated at Columbia University on 2025-02-18 22:28 GMT / https://hdl.handle.net/2027/coo.31924023419314
Public Domain in the United States, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-us-google
Digitized by Google
Original from
CORNELL UNIVERSITY